**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASI JOQARI HÁM ORTA ARNAWLI BILIM MINISTRLIGI**

**ÁJINIYAZ ATINDAǴI NÓKIS MÁMLEKETLIK PEDAGOGIKALIQ INSTITUTI**

Tariyx fakulteti
«Tariyx oqıtıw metodıkası» kafedrası

5110600 «Tariyx oqıtıw metodıkası» bakalavr tálim baǵdarı
4-a kurs studenti Aymuratov Nurlan Jalgasbay ulı

# PİTKERİW QÁNİGELİK JUMISI

## TEMA: QARAQALPAQSTAN TARIYXIN OQITIWDA «QARAQALPAQSTAN SOVET HÁKIMIYATINIŃ ORNATILIWI JILLARDA (1917-1920-jj.)» TEMASIN ÚYRENIW METODLARI

| | |
|---|---|
| Talaba: | N.J. Aymuratov |
| İlimiy basshı: | t.i.d., prof. M.Q. Sarıbaev |
| Kafedra baslıǵı: | t.i.d., doc. R.J. Bazarbaev |

Kafedra majilisiniń 2021-jıl __-may sanesindegi
№___protokolı menen qorǵawǵa ruxsat berildı

Nókis-2021

Pitkeriwshi talaba N.J.Aymuratovnıń «Qaraqalpaqstan tariyxın oqıtıwda «Qaraqalpaqstan sovet hákimiyatınıń ornatılıwı jıllarda (1917-1920-jj.)» temasın úyreniw metodları» atamasındaǵı bakalavr pitkeriw qánigelik jumısı Tariyx oqıtıw metodıkası kafedrasınıń 2021 jıl «___» - __________ kúngi ___ - sanlı bayannaması menen Mámleketlik attestaciya komissiyasına qorǵawǵa jiberiwge usınıs etildı.

**«Tariyx oqıtıw metodıkası» kafedrası baslıǵı: R.Bazarbaev**

Pitkeriwshi talaba N.J.Aymuratovnıń «Qaraqalpaqstan tariyxın oqıtıwda «Qaraqalpaqstan sovet hákimiyatınıń ornatılıwı jıllarda (1917-1920-jj.)» temasın úyreniw metodları» atamasındaǵı bakalavr pitkeriw qánigelik jumısı 2021 jıl «___» -_____________ kúngi NMPI rektorınıń №__ -sanlı bayannaması menen Mámleketlik attestaciya komissiyasına qorǵawǵa jiberildı.

Mámleketlik attestatsiya komissiyasinıń qarari menen N.J.Aymuratovnıń Bakalavr pitkeriw qánigelik jumısı _________ ballǵa bahalandı.

**MAZMUNI:**

**KİRİSİW**……………………………………………………………………..4

**I BAP. QARAQALPAQSTAN SOVET HÁKİMİYATINIŃ ORNATILIWI JILLARDA (1917-1924 jj.)**........................................................................7

1.1. Ámiwdárya bólimi 1917-jıl fevral-oktyabr aralıǵında…..............................7

1.2. Bolshevikler ústemliginiń ornatılıwı hám sovet hákimiyatına qarsı gúres (1917-1920 jj)……………………………………………………………….13

**II-BAP. QARAQALPAQSTAN TARIYXIN OQITIWDA «QARAQALPAQSTAN SOVET HÁKIMIYATINIŃ ORNATILIWI JILLARDA (1917-1920-jj.)» TEMASIN ÚYRENIW METODLARI**..........21

2.1. Bilimlendiriw nızamı hám kadrlar tayarlawdın` milliy baǵdarlamasınıń tariyx pániń úyreniwdiń talapları…………………………….......................21

2.2. Qaraqalpaqstan sovet hákimiyatinıń ornatılıwı jıllarda (1917-1920-jj.) temasın úyreniwde qoyılatıǵın zamanagóy talaplar………………………....27

2.3. Qaraqalpaqstan sovet hákimiyatinıń ornatılıwı jıllarda (1917-1920-jj.) temasın úyreniwde paydalanılatuǵıń metodlar…………………………….....40

**Juwmaqlaw**……………………………………………………….………...57

**Paydalanílǵan ádebiyatlar**………………………………………...…….60

# KİRİSİW

**Temanıń aktuallıǵı.** Bilimlendiriw sistemasında házirgi kúnde reformalardiń ámelge asiriliwi menen oqıtıwshı, oqiwshi, tárbiyashiniń waziypalari jáne de artip barmaqta. Sebebi, buringi dástúriy, oqitiwda kóbirek oqitiwshilardiń abiroyi, oniń pikirleri hám kóz-qarasi birinshi dárejege qoyilip kelingen bolsa, endilikte hár bir oqiwshiniń jeke pikiri, belsendiligi, jeke kóz qarasi, bilimliligi, individualligi, erkin pikir aytiwi ushin sharayat jaratip beriliwi tiyis.

Tariyx páni oqıtıwshısı ilim hám texnikaniń ósip bariwin barqulla esapqa alip, óziniń pedagogikaliq hám metodikaliq sheberligin ósirip bariwi, zamanagóy talaplarǵa muwapiq is alip bariwi kerek. Tálim sistemasında tariyx pániniń tiykargi maqseti eń qádimgi dáwirden házirgi kúnge deyin bolǵan watanimiz hám jáhan tariyxina tiyisli waqiyalar menen oqiwshilardi tanistiriw, olardi O`zbekstan, Qaraqalpaqstan hám Jáhan xaliqlariniń mádeniy hám ruwhiy miyrasina, aldińǵı dástúrlerine, milliy hám qádriyatlarina xúrmet ruwhinda tárbiyalaw, ulli miyrasimizdiń dawamshilari hámde oni bayitiwshilari bolǵan ilayiq dawagerlerdi tárbiyalawdan ibarat.

Oqitiw protsesin ob`ektiv suwrette ámel qilatwǵin óz nizamliqlari bar. Olardi bilip aliw hám tálim-tárbiya protsesinde bul nizamliqlarǵa ámel qiliw, olardan únemli paydalaniw orta tálim hám orta arnawli tálim diziminde tariyx oqitiwdi ilimiy tiykarda alip bariuiniń tiyis shárti.

Tariyx oqitiw protsesin quram bólimleri (maqseti, mazmuni, oqitiwdiń metod hám usillari, nátiyjeleri) ortasindagi nizamli baylanislar tómendegishe boladi: tálim sistemasın maqseti, tálim-tárbiya waziypalariniń jetiskenligi ámelge asiriliwi oqitiwdiń mazmunina, ideyaliq-siyasiy hám teoriyalıq tárepten pisik boliwǵa baylanisli bolǵaninday, oqiwshilardiń tariyx pánlerinde ózlestiriw dárejesi hám óz náwbetinde oqitiwdiń úyreniletuǵın temani maqseti, tálim-tárbiya waziypalari hám mazmunina mas keletin tálim formalari, oqitiw metod hám usillari hámde qurallarinan qay dárejede maqsetke muwapiq paydalana biliwge baylanisli.

**İzertlewdin` xronologiyalıq da`wiri** 1917-1920 jıllar aralıgın o`z ishine aladı. Bul da`wir sovet húkimetiniń ornatılıwı jıllarında Qaraqalpaqstannın xalıq xojalıg`ı ha`m xalıqtın` sotsial-ekonomikalıq jag`dayı, sonın` menen birge sol da`wirdegi ja`miyetlik-siyasiy turmısın u`yreniwge mu`mkinshilik beredi.

**İzertlewdin` maqseti ha`m wazıypaları** tiykarınan to`mendegilerdi o`z ishine aladı:

- Xalqı ha`m sotsial-ekonomikalıq jag`dayı, Patshashılıqtın` qulawı ha`m u`lkede ja`miyetlik-siyasiy ha`reketler haqqında so`z etiw;

- Ja`miyetlik qa`wipsizlik komiteti hám Musılmanlar awqamı haqqında so`z etiw;

- U`lkede qarama-qarsılıqtın` keskinlesiw processlerin ashıp beriw;

- Rossiyadag`ı 1917-jılı oktyabr` awdarıspag`ının` A`miwdar`ya bo`limine ta`siri haqqında so`z etiw;

- Bol`shevikler u`stemliginin` ornatılıwı, «A`skeriy kommunizm» siyasatı ha`m onın` aqıbetleri;

- Bol`shevikler ha`kimiyatına qarsı gu`res haqqında so`z etiw;

- Bilimlendiriw nızamı hám kadrlar tayarlawdın` milliy bağdarlamasınıń tariyx pániń úyreniwdiń talapları haqqında so`z etiw;

- Qaraqalpaqstan sovet hákimiyatınıń ornatılıwı jıllarda (1917-1920-jj.) temasın úyreniwde qoyılatıgın zamanagóy talaplar hám bul temanı úyreniwde paydalanılatuğıń metodlardı analizlew.

**Jumıstın` metodologiyalıq tiykarı.** İzertlew jumıstı jazıwda tariyxıy haqıyqatlıq, milliy ideologiya metodikalıq tiykar boldı. Sonday-aq ilimiy jumıstı jazıwda ob`ektiv tariyxıy ko`z-karastan bahalawda ha`m ilimiy juwmaqlawdı shıg`arıwda ma`mleketimiz Prezidenti Sh.M.Mirziyoev bilimlendiriw tarawında ha’m oqıtıwshılar aldina qoyg’an waziypalari basshiliqqa olindi.[1] Jumıstın`

---

[1] 2017-2021 yillarda Ózbekiston Respublıkasini rivojlantirishning beshta ustuvor yónalıshi bóyicha Harakatlar strategiyasi. Ózbekiston Respublıkasi Prezidentining 2017 yil 7 fevraldagi PF-4947 sonlı Farmoni.

metodologiyalıq tiykarın hu`kimetimizdin` O`zR İlimler Akademiyası tariyx institutının` jumısın jan`alandırıw, jan`a tariyxtı do`retiw tarawındag`ı qararları, ataqlı tariyxshılardın` miynetleri quraydı. Bul mashqala «O`zbekstan tariyxı» (Tashkent, 2000-j.) ha`m «Qaraqalpaqstannın` Jan`a tariyxı» (No`kis, 2003-j.) ilimiy jaqtan qoyılg`an ha`m sheshilgen.

**Pitkeriw bakalavr qa`niygelik jumıstın` a`meliy a`hmiyeti.** Jumıstın` a`meliy a`hmiyeti sonnan ibarat, bul jumıs joqarı ha`m orta oqıw orınlarda «Qaraqalpaqstan tariyxı» pa`nin oqıtıwda qosımsha mag`lıwmatlar bolıp tabıladı.

**Bul jumıs kirisiw, eki bap, juwmaqlaw ha`m paydalang`an a`debiyatlardan turadı.**

Kirisiwde temanın` aktuallıg`ı, xronologiyalıq da`wiri, izertlewdin` maqseti ha`m wazıypaları, jumıstın` metodologiyalıq tiykarları ha`m jumıstın` a`meliy a`hmiyeti, sonday-aq diplomnın` strukturası ko`rsetiledi.

Birinshi bap – Qaraqalpaqstan sovet hákimiyatiniń ornatiliwi jillarda (1917-1924 jj.) dep ataladı. Onda Ámiwdárya bólimi 1917-jıl fevral-oktyabr aralıǵında, Bolshevikler ústemliginiń ornatılıwı hám sovet hákimiyatına qarsı gúres haqqında so`z etiledi.

Ekinshi bap – Qaraqalpaqstan tariyxin oqitiwda «Qaraqalpaqstan sovet hákimiyatiniń ornatiliwi jillarda (1917-1920-jj.)» temasin úyreniw metodlari dep ataladı. Onda Bilimlendiriw nızamı hám kadrlar tayarlawdın` milliy baǵdarlamasınıń tariyx pániń úyreniwdiń talapları, Qaraqalpaqstan sovet hákimiyatinıń ornatılıwı jıllarda (1917-1920-jj.) temasın úyreniwde qoyılatıǵın zamanagóy talaplar hám paydalanılatuǵıń metodlar haqqında so`z etiledi. Sonıń menen birge pedagogikalıq metodlar, olardıń tema boyınsha qollanılıwı haqqında túsinik beriledi hám olardın` temanın túsindiriwde qollanılıwı haqqında so`z etiledi.

Juwmaqlaw bo`liminde izertleniwdin` na`tiyjeleri ko`rsetilgen. Jumıstın` son`ında paydalang`an a`debiyatlardın` dizimi berilgen.

# I BAP. QARAQALPAQSTAN SOVET HÁKİMİYATINIŃ ORNATILIWI JILLARDA (1917-1924 jj.)

## 1.1. Ámiwdárya bólimi 1917-jıl fevral-oktyabr aralıǵında

1917-jılı ha`zirgi Qaraqalpaqstan aymag`ı sol waqıtları eki ma`mleket quramındag`ı - Tu`rkstan general-gubernatorlıg`ı Sırdárya walayatının` A`miwda`r`ya bo`limi ha`m Xiywa xanlıg`ı aymaqlarına tiyisli edi. Bul da`wirde Tu`rkstan general-gubernatorlıg`ı Sırda`r`ya walayatının` A`miwda`r`ya bo`liminde xalqının` sanı 236.200 adam bolıp, onda qaraqalpaqlar (39,1 payız), o`zbekler (30,4 payız), qazaqlar (22,1 payız), sonın menen birge 8,4 payızın` qurag`an – tu`rkmenler, orıslar (urallı kazaklar menen) iranlılar, ta`jikler ha`m tatarlar xalıqlar jasaytug`ın edi. Sonday-aq, shep jag`alıqtag`ı qaraqalpaqlar Xiywa xanlıqtın` ko`binese Go`ne U`rgenish, Xojeli, Shomanay ha`m Qon`ırat bekliklerinde ha`m a`tirapında jasadı, al xanlıqtın` basqa bekliklerinde jasawshı qaraqalpaqlar az sanda edi.[1]

1917-jılı basında A`miwda`r`ya bo`liminde jasap atırg`an xalıqlardın` sotsial-ekonomikalıq turmısı, birinshi jer ju`zlik urıs na`tiyjesinde, og`ada to`menlegen edi. Ol Rossiya imperiya orayının` shiyki zat ha`m awıl xojalıq o`nimlerin jetkerip beriwshi aymaq bolıp xızmet ettiwidi dawam etti. Urıstın` ba`nesi menen patsha hu`kimeti jan`adan qosımsha shiyki zat o`ndiriw, salg`ırtlar jıynawdı niyet etip, xalıqtan ha`r tu`rli (aqshalay, zatlay, mal, jer ha`m t.b.) awır salıqlar o`ndirildi. Ja`ne de, jergilikli xalıqtan arzan miynet ku`shi sıpatında paydalandı. Na`tiyjede, bul aymaqtag`ı xalıqlarına awır bu`lginshilik alıp keldi. 1916-jıldın` aqırında Petro-Aleksandrovskte ha`m basqa qalalarda azıq-awqattı bo`listirip, kartochka menen beriw ta`rtibin ornattı. Biraq janar maydı alıp keliw qıyınlasqannan son` onın` bahası arttırıldı. Azıq-awqat ha`m janar may jetispegenlikten A`miwda`r`ya bo`liminde ha`r qıylı awırıwlar taraldı, o`limshilik ko`beyip ketti. Xiywa xanlıg`ındag`ı awhal onnan da to`menledi.

[1] «Қарақалпақстан жаңа тарийхы» -Н., «Қарақалпақстан» 2003. 47-б.

1917-jıldın` 29-yanvarında xan urıs zaemın shıg`ardı. Suwdın` az bolg`anlıg`ınan 1917-jılı tek Xojeli bekliginin` Jan`a qala degen awılında 170 mın` tanap (desyatina) jer suwg`arılmay qaldı.

Usı jag`daylardın` ha`mmesi bul aymaqtag`ı xalıqlardın` patshag`a ha`m xang`a qarsı narazılıg`ın ku`sheytti. 1917-jıldın` yanvarında U`rge balıq ka`ninin` jas jumısshılları jumıs ku`nin ha`m saatın qısqartıwdı ha`m aylıqtı ko`beytiwdi talap etken. 1917-jıldın` 8-yanvarında Tamdı bolıslıg`ının` u`shinshi awılının` adamları bolıstın` zorlıq-zombılıg`ına qarsı turıp, onı juwapkershilikke tartıwdı talap etken ha`m ma`mleket ushın otın tayarlawdan bas tartqan.

1917-jıldın` basında Qon`ırat, Shomanay, Xojeli ha`m Man`g`ıt bekliklerinin` xalıqları xan ha`m patsha ta`repinen qoyılg`an beklerdi alıp taslawdı talap etken. Xalıq-azatlıq ha`rekettin` ku`sheyiwinen qorqqan xan Tu`rkestan general-gubernatorınan ko`terilisshilerdi bastırıw ushın Rossiya a`skeriy komissariatın du`ziwdi o`tinish etti. 1917-jıldın` 29-yanvarında sonday komissariat du`zilip Xiywada patsha a`skerleri turdı.

1917-jıl 27-fevral` ku`ni Rossiya imperiyasının` paytaxtı Petrogradta demokratiyalıq revolyutsiyanın` jen`isi na`tiyjesinde patshashılıq quladı. Elde Waqıtsha hu`kimet ha`m demokratiyalıq sovetler payda boldı. Bul xabar patsha Rossiyasının` koloniyası bolg`an Tu`rkistang`a ha`m onın` en` shet u`lkelerinin` biri A`miwda`r`ya bo`limine, sonday-aq Xiywa xanlıg`ına taraldı.

Fevral` waqıyalarının` ta`siri menen Petro-Aleksandrovsk qalasında revolyutsiyalıq ha`reket ku`sheydi. 1917-jıl 6-martta jumısshılar deputatlarının` Soveti du`zildi, sonday-aq 7-martta qala garnizonının` 738-drujinasının` soldatları miting sho`lkemlestirip atırg`an waqıtta A`miwda`r`ya bo`liminin` baslıg`ı polkovnik Zavitnevich metingshilerdi tarqatıw ushın kelgende onı, onın` ja`rdemshisin ha`m qala pristavın soldatlar qamaqqa aldı. Ko`plegen politsiyashılar qaladan qashıp shıg`ıp ketti.

Son`ınan, Petro-Aleksandrovskte A`miwda`r`ya flotiliyasının` soldat ha`m matroslarının` belsene qatnasıwının` arqasında soldatlar deputatlarının` Soveti du`zilip, onın` baslıg`ı praporshik Kirshevskiy saylandı. Sovet ag`zaları soldatlar, bol`shevikler, men`shevikler ha`m eserlerden ibarat boldı, biraq onda jergilikli xalıq wa`killeri joq edi. A`miwda`r`ya bo`limi menen Xiywa xanlıg`ındag`ı soldatlar arasında drujina komitetleri, A`miwda`r`ya flotiliyasında matroslardın` barja ha`m paraxod komitetleri, Petro-Aleksandrovsk ha`m U`rgenish zavodlarının` jumısshılarının` arasında zavod komitetleri sho`lkemlese basladı. Bul komitetler A`miwda`r`ya bo`liminde ha`m Xiywa xanlıg`ındag`ı revolyutsiyalıq ha`reketlerinin` rawajlanıwında u`lken a`hmiyetke iye boldı. Sonday-aq, 1917-jıldın` martında Kojurov, Frolov, Baljanov ha`m basqa bol`sheviklerdin` basshılıg`ı astında Petro-Aleksandrovsk ha`m U`rgenishte jumısshılardın`, mug`allimlerdin` ha`m mediklerdin` ka`siplik awqamı du`zildi.

Petro-Aleksandrovsktegi bolg`an waqıya A`miwda`r`ya bo`liminin` basqa da jerlerine tez taradı. Onda «jas xiywalılar» belsene qatnastı. Saylaw jolı menen 8-mart ku`ni To`rtku`l bolısında, al 9-martta Sheyx-Abbaz-Valiy (Beruniy) bolısında bolıslıq komitetler du`zildi. Petro-Aleksandrovsk soldat deputatları Soveti ta`repinen Shımbayg`a soldatlar jiberildi. Olar 10-mart ku`ni Shımbayg`a keliwden da`rhal Shımbay uchastkasının` pristavın xızmet ornınan shetletti ha`m politsiyashılardı quralsızlandırdı. Bunnan son` jeti adam quramında komitet du`zildi. Onda soldatlar ha`m basqa da ha`r qıylı qatlam wa`killeri bar edi. Komitet baslıg`ı bolıp jergilikli xalıqtan Turman Qarjawbaev saylandı ha`m ol komitettin` baslıg`ının` uchastok komissarı dep te atag`an.

Petro-Aleksandrovsk gornizonının` soldatlar deputatlarının` Soveti ha`m jumısshılar deputatlarının` Soveti sho`lkemlesken ku`nlerinen baslap, revolyutsiyag`a qarsılardın` islerine, ha`meldarlardın Orayg`a jiberip atırg`an qag`azlarına qadag`alaw ju`rgiziwdi iske asıra basladı. Sonın` menen birge olar urıstı toqtatıw ushın u`git-na`siyat jumısların alıp bardı.

A`miwda`r`ya bo`liminde waqıtsha hu`kimetti du`zilgen son`, jumısshılar ha`m soldatlar sovetlerge qarsı burjuaziya o`zinin` ku`shin biriktirip jergilikli hu`kimetin du`ziwge kiristi. 1917-jılı 7-martta Petro-Aleksandrovskte ja`miyetlik qa`wipsizlik komiteti sho`lkemlestirildi. Ol administrativlik ha`m azıq-awqat sektsiyalarınan ibarat bolıp, da`slep administrativlik sektsiya baslıg`ına jer o`lshewshi Shaposhnikov saylandı, son`ınan onın` ornına gidrotexnik Pamshev belgilendi. Azıq-awqat sektsiya baslıg`ı apteka baslıg`ı Bersudskiy boldı. Al, burıng`ı patsha ha`meldarı Samborskiy komitet baslıg`ı – mirovoy sud`ya bolıp, A`miwda`r`ya bo`limindegi ha`kimiyattı o`z qolına ala basladı.

Komitet qalalıq Petro-Aleksandrovsk dumasın du`ziwge kirisip,. 1917-jıl 16-aprelde qalalıq dumasına saylaw o`tkerildi. Bul Duma waqıtsha hu`kimettin` tapsırmasın orınlaytug`ın organg`a aynaldı ha`m onın` baslıg`ı paxta zavod iyesi A.Shapov etip saylandı. Burjuaziya Dumag`a burıng`ı patsha ha`meldarların kirgizdi ha`m og`an jergilikli xalıqtın` wa`killeri kirmedi.

A`miwda`r`ya bo`limindegi soldat deputatları Sovetinde, Dumada ha`m waqıtsha hu`kimet komitetlerinde jergilikli xalıq wa`killerine tiyisli orın berilmedi. Olardın` huqıqları ha`r ta`repleme sheklendi, a`sirese, musılman xalıqlarının` sol zamandag`ı aldın`g`ı toparları bolg`an ruwxanıy ha`m ulamalar hesh qanday itibarg`a alınbadı. Usınday jag`dayda Tashkent qalasında 1917-jılı 14 marta du`zilgen «Shuro-i-İslamiya» («İslam Ken`esi») ta`sirinde Petro-Aleksandrovskte de «musılmanlar awqamı» du`zildi.[1] Onın` baslıg`ı etip paxta zavod iyesi A.Ravilov, al orınbasarı «jas xiywalılar» ha`reketinin` wa`kili D.Allakulov belgilendi. Biraq, «Petro-Aleksandrovsk musılmanlar awqamı» tek qısqa waqıt (mart-oktyabr` aralıg`ında) ozin jumısın alıp bardı. 1917-jıldın` may ayınan avgustqa shekemgi waqıt ishinde «musılmanlar awqamı» birneshe toparlarg`a bo`linip ketti. Olardın` birazları Sovetlerdi qollasa, ayırım toparları

---

[1] «Қарақалпақстан жаңа тарийхы» -Н., «Қарақалпақстан» 2003. 53-б.

Waqıtsha hu`kimetti qolladı, al birqanshaları g`a`rezsiz Tu`rkistan ta`repdarı boldı ha`m bulardı ko`pshilik xalıq qollap-quwalaytug`ın edi.

Solay etip, 1917-jılı A`miwda`r`ya bo`liminde waqıtsha hu`kimetti du`zilgen son`, jumısshılar ha`m soldatlar sovetleri, ja`miyetlik komitet penen birge qalalıq Duma ha`m musılmanlar awqamı payda boldı. Sonın` menen birge, bul da`wirde Xiywa xanlıg`ında ha`m A`miwda`r`ya bo`liminde «jas xiywalılar» ha`reketi siyasiy sho`lkem sıpatında maydang`a shıg`a basladı. Eldin` aldın`g`ı qatardag`ı zıyalıları xa`r qanday artta qalıwshılıqtın` baslı sebebi feodallıq ta`rtipler menen koloniyallıq eziwshilikte dep olar tusinetug`ın edi. «Jas xiywalılar» xa`reketi xalıqtı ma`deniy jaqtan alg`a ilgeriletiwge bar ku`sh-jigerin jumsadı, bul aymaqtag`ı tuwısqan xalıqlardın` sawatlı bolıwı ushın ru`pec ju`rgizdi. Olar xalıqtın` rauajlanıwı ushın xalıq respublikasın du`ziw wazıypasın qoydı, u`lkemizde azatlıq gu`resinin` wa`killeri retinde, eziwshilikti saplastırıw jolında xızmet etti.[1]

Petro-Aleksandrovsk ja`miyetlik komitet penen qalalıq Duma u`lkedegi xalqı ushın aytarlıqtay o`zgeris islemedi ha`m burıng`ı koloniyalıq siyasattın dawam etti. Patsha ha`meldarların o`z orınlarına qaytadan qoyıp, urıstı dawam ettiriw siyasatın alıp bardı. Burıng`ıday is ju`rgiziw, basqarıw, ma`deniy jumıslardı jergilikli xalıqtın` tilinde alıp barıw qadag`an etildi. Salıq to`lew mug`darı kemeymedi, kerisinshe 1917-jılı urıs zaemına ma`jbu`riy tu`rde jazılatug`ın boldı.

Waqıtsha hu`kimettin` bul siyasatı A`miwdar`ya bo`liminde ha`m xalıqta og`an narazılıqtı ku`sheytiwge alıp keldi. Ol qurallı qozg`alan` da`rejesine shekem jetip, olar endi siyasiy talaplar qoya basladı. Og`an Oraylıq Rossiya qalalarınan a`skeriy jumıslardan qaytıp kelgen ma`rdikarlar da sebepshi boldı. Bulardın` ko`pshiligi siyasiy jaqtan sawatlı bolıp, sol waqıtta olardın` sanı 5000 nan aslam boldı. Birinshi bolıp narazılıqtı Petro-Aleksandrovsk ha`m Xiywa

[1] Б.А.Қощанов. Қарақалпақстан тарийхнамасы (Ең жаңа дәуир) –Н., "Билим" 2016. 11-б.

garnizonının` soldatları bildirdi. Olar erkinlikti ha`m a`skeriy ataqlardın` ha`mmesinin` ten`ligin beriwdi talap etti. Waqıtsha hu`kimetke ant beriwden bas tarttı. Soldat matroslardın` ha`m xalıqtın` basqa qatlamlarının` waqıtsha hu`kimettin` siyasatına qarsı ha`reketleri barg`an sayın ku`sheye basladı. Soldatlar ofitserlerdin` zorlı-zombılıqlarına qarsı gu`res ju`rgizdi. A`skeriy sho`lkemlerdin` jan`a saylaw sistemasının` ornatıwdı talap etti.

Bul da`wirde u`lkede xalıq arasında da qozg`alan`ları ha`wij aldı. Ma`selen, A`miwda`r`ya bo`liminde Shoraxan kanalın qazıwg`a qatnasıp atırg`an jumısshıları qazıwdı basqarıwshılardın` qattı ta`rtibi, qazıwdag`ı jaman sharayatlarg`a qarsı shıqtı. 1917-jıldın` 1-mayında Petro-Aleksandrovskte joqarg`ı baslang`ısh mektebi menen Shoraxan orıs jergilikli mektebinin` oqıwshılar ha`m mug`allimleri Shoraxan kanalındag`ı qazıwshılardın` talapların quwatlap miting sho`lkemlestirdi. Bo`limde awıllarının` diyhanları da eski bolıslardı ornınan alıwdı, bolıslıq atqarıw komitetlerdi qaytadan saylawdı talap etti.

Xiywa xanlıg`ında 1917-jılı 24-iyun`de diyxanlar Xojelinin` qasındag`ı Safaryantstın` u`lken plantatsiyasın zorlıq penen basıp aldı. Xanlıqtın` basqa jerlerinde xalıq ha`reketleri ku`sheydi. Xojeli, Qıpshaq ha`m Qon`ırat bekliklerinde diyxanlardın` waqıtsha hu`kimettin` a`skerleri menen qurallı soqlıg`ısıwları boldı.

U`lkede milliy azatlıq ha`reketlerinin` aldın alıw maqsetinde 1917-jılı 17-sentyabr`de A`miwda`r`ya bo`limi ha`m Xiywa xanlıg`ına polkovnik Zaytsevtin` kazak otryadları alıp kelindi. Biraq, A`miwda`r`ya bo`liminde ha`kimiyattı soldat deputatları Sovetine beriw ushın ha`reket ku`sheyip ketti, onı bol`shevikler, men`shevikler ha`m eserler, ja`ne de «jas xiywalılar»dın` sol qanatı bo`linip shıg`ıp qollap-quwatladı.

Solay etip, 1917-jılg`ı ko`terilisler ha`m fevral` burjuaziyalıq-demokratiyalıq revolyutsiya jergilikli xalıqlardı, solardın` ishinde qaraqalpaq xalqın azatlıqqa shıg`ara almadı. Biraq bul fevral` revolyutsiyası patsha

monarxiyasın joq etip, jumısshılardın`, soldatlardın` ha`m diyhanlardın` deputatlarının` Sovetin ju`zege shıg`arıp revolyutsiyanın` jan`a basqıshına o`tiw ushın za`ru`rli ja`miyetlik siyasiy tiykar saldı.

## 1.2. Bolshevikler ústemliginiń ornatılıwı hám sovet hákimiyatına qarsı gúres (1917-1920 jj).

Rossiyada ko`plegen partiyalar arasındag`ı siyasiy ha`kimiyat ushın gu`res 1917-jılı 25-oktyabr` ku`ni bol`shevikler paydasına sheshildi ha`m V.Ul`yanov (Lenin) basshılıg`ında sovet hu`kimeti du`zilip, Rossiyanı Sovetler Respublikası dep ja`riyaladı.

1917-jılı revolyutsiyalıq ha`reketler oraylıq qalalarında jen`ip shıqqannan keyin ala Turkistan ulkesinde de jen`iske eristi ha`m bul jerde barlıq xu`kimet sovetlerdin` (bolsheviklerdin`) qolına o`tip basladı. Sol jıldın` dekabr` ayının` birinshi yarımında Sovet hu`kimeti A`miwdar`ya bo`liminde de ornatılıp baslandı. 12-dekabr` ku`ni Petro-Aleksandrovskte soldatlar kazak otryadların biyta`replendirip, Sovet ha`kimiyatın ornattı. Bunnan keyin Shoraxanda, Shabbazda, Biybazarda, son`ınan 1918-jılı 1-yanvar`da Shımbay ha`m No`kiste, keyin ala sol jıldın` birinshi yarımında bol`shevikler Zaykin, Xarchenko, Galkin ha`m basqalardın` basshılıg`ında Moynaq ha`m og`an jaqın yarım atawlarda Sovet ha`kimiyatı ornatıldı.[1]

Biraq, sonı aytıp otiw kerek, bul Sovet ha`kimiyatı ele bekkem emes edi ha`m onın` u`lkedegi xalıqlarına da`slep ta`siri bolmadı. 1917-jıl 31-sentyabrinen 1918-jıldın` oktyabr`ine shekem A`miwdar`ya bo`liminin` komissarı bolıp V.Pamshev islegen waqıtta bul jerde basqarıw ta`rtibinde tu`pkilikli o`zgerisler bolmadı. Jergilikli hu`kimet basında burıng`ı kolonizatorlar ha`m patsha xızmetkerleri otırg`an edi. Qalanın` bay ha`m belgili adamlarınan quralg`an Petro-Aleksandrovsk qalalıq ha`kimiyatı (Duma)

---

[1] Есбергенов.Х. «Еще раз о восстании 1916-года в Каракалпаки» Вестник №1, 2007. –С. 22

bol`sheviklerdin` is-ha`reketin` quwatlamadı ha`m bul Duma 1918-jıldın` 13-oktyabr`ge shekem ele o`z xızmetin` atqardı.

Sonday-aq Petro-Aleksandrovsk qalasının` soldat deputatları Soveti o`z hu`kimetligin qaladan tısqarıg`a da tarata almadı. A`miwdar`ya bo`liminin` Shımbay ha`m Shoraxan uchastkalarındag`ı jergilikli ha`kimiyat basshıları xalıqtın ataqlı atqa minerleri bol`sheviklik ha`kimiyattın` da`slepki ha`reketlerin sın ko`z qaras penen baqlap otırdı. A`miwdar`ya bo`liminin` Petro-Aleksandrovsktegi ha`kimshilik basqarmasınan hesh qanday quramalı ha`m materiallıq ja`rdem ala almag`anlıqtan abıraylı el basshıları Ubaydulla Bawetdinov («Xan Maqsım» laqabı), Qutlımuratbiy («Bala-biy» laqabı), Temir Ali-xan, İnayat Niyazov ha`m tag`ı basqalar o`zin-o`zi qorg`aw otryadların sho`lkemlestirdi. Xalıq asharshılıq, baspashılıq ha`m quwdalawshılıq apatının` do`niwine baylanıslı o`zlerinin` urıwlar basshıları aynalasına ja`mlese basladı.

Bul waqıtta sol jag`alıqtag`ı Xiywa xanlıg`ına qaraslı bolg`an ha`zirgi Qaraqalpaqstan aymag`ında da bol`sheviklerge qarsı ku`shler basım edi. Bol`shevikler olardı qıyratıw ushın barlıq mu`mkinshiliklerden paydalandı. A`sirese, a`skeriy ku`shlerdi barınsha jumsadı ja`ne de koloniyalıq siyasattın` azabın shegip ezilgen ka`mbag`allardı da paydalandı.

Barlıq u`lkede, sol qatarda, qonsı Xiywa xanlıg`ındag`ı siyasiy turaqsızlıq A`miwdar`ya bo`limine ta`siri otiwine qorqan bol`shevikler Petro-Aleksandrovsk qalanı Rossiyanın` haqıyqıy a`skeriy bazasına aylandırıwg`a kiristi. 1918-jıldın` gu`zinen baslap 1919-jıldın` avgustına deyin Petro-Aleksandrovsk qalasına N.Shaydakov, A.Xristoforov, V.Kempchinskiy, S.Naumov, A.Timoshenko, B.Cheprunov ha`m tag`ı basqa kop ta`jriybeli partiyalıq ha`m a`skeriy adamlar basshılıg`ındag`ı bir neshe qurallang`an jumısshı ha`m matroslar otryadlar kele basladı..

Bul jılları bol`shevikler ha`m Sovet ha`kimiyatı «endi qaraqalpaq, o`zbek, qazaq, tu`rkmen ha`m basqa da xalıqlar eziwshilikten birotala azat boladı, sotsializm ha`m kommunizm quradı» degen tu`sinikti xalıqtın` qulag`ına quyıp,

sanasına engiziw ushın tınbay jumıs isledi. Biraq, olardın` ba`ri de bol`sheviklerdin` ko`rsetpesi boyınsha Orayg`a bag`ınıshlı ta`rtipte bolatug`ın edi. Sonlıqtan milliy turmıs, ma`deniyat ha`m milliy ma`mleket te Oraydan g`a`rezsiz bolmadı. Ha`tteki, jergilikli xalıqlardın` ma`pine juwap beretug`ın «Qoqan avtonomiyası» ku`sh penen tarqatılıp, 1918-jılı 30-aprel`de RSFSR quramındag`ı Tu`rkistan Avtonomiyalı Sovet Sotsialistlik Respublikası (Tu`rkistan ASSR) du`zildi. Bul da`wirde A`miwdar`ya bo`limi onın` quramında kaldı, al Buxara ha`m Xiywa xanlıqları ele de bar edi.

Haqıyqatında da, A`miwdar`ya bo`liminde ornag`an sovet ha`kimiyatı «xalıq ha`kimiyatı» emes, al kelgindilerdin` ha`kimiyatı boldı. Onın` ma`nisi, gedeylerdin` wa`kilin ha`kimiyatta formal` tu`rde ko`zabı ushın paydalanıp, ha`kimiyattag`ı tiykarg`ı biylik jergilikli xalıqtın` emes, al Oraydan kelgen basqa adamlar menen bol`sheviklerdin` qolında ja`mlew edi.

Sonın menen birge ha`kimiyattag`ı ha`m deputatlar Sovetindegi basshılıqtı Sovet ha`kimiyatı ornag`an ku`nlerden baslap-aq bol`shevikler o`zleri iyeley basladı. Olar o`zlerinin` ha`kimshiligin saqlaw ha`m bekkemlew ushın ba`rhama tiyisli ilajlar isledi. 1918-jılı 24-dekabr`de Petro-Aleksandrovskte bol`sheviklerdin` jıynalısı bolıp, onda Tu`rkistan kommunistlik partiyasının` Petro-Aleksandrovsk qalalıq komitetin du`zdi. Bul da`wirde Petro-Aleksandrovsk qalalıq Sovetindegi basqarıwın bol`shevikler iyelep, keyin ala qızıl gvardiyashılar otryadlarına suyene otırıp A`miwda`r`ya deputatları Soveti dep o`zgerilgen Petro-Aleksandrovsk deputatlar Sovetine jer iyeleri, ruwxanıylar saylawlarg`a qatnasıw huqıqınan ayırılg`an edi. 1919-jılı 26-fevral`dag`ı A`miwda`r`ya bo`limi Sovetinin` jan`adan atqarıw komitetin saylawda da, onın` quramındag`ı V.Kempchinskiy, V.Kroshilov, D.Golovyashkin ha`m basqada bol`sheviklerdin` qolına o`tti.[1] Solay etip, A`miwdar`ya bo`limi aymag`ında

---

[1] Сарыбаев К.С., Алп Тореев «К истории движения Баба-Гоклена» Вестник №3. 1970. –С.15

«proletar» diktaturasın ornatıp, orıs bol`shevikleri u`lkedegi xalıqların basqarıwdı o`z qollarına aldı.

Sovet hu`kimeti A`miwdar`ya bo`liminde a`skeriy-siyasiy jag`day du`zip, onın` ekonomikalıq siyasatı da`slepqi kunnen baslap-aq u`lkedegi jeke menshik sanaat ka`rxanalardı ha`m banklar, jer qorların, iri u`y iyelerinin` turar jayların ha`m basqada jeke mu`lklerdi ma`mleket mu`lkine aylandırıw, sonday-aq salıqlar salıw, qızıl gvardiyashılardın` azıq-awqat toplaw otryadlarının` xa`reketleri menen sıpatlandı.

1918-jılı o`zinde-aq fevral`da Aral ten`izi menen A`miwda`r`yadag`ı «Hiywa» aktsionerlik paroxod ja`miyti, may ayında bolimdegi 24 mayda paxta tazalaw zavodları, al 1919-jılı martqa shekem u`lkedegi barlıq balıqshılıq qa`rxanaları ma`mleket mu`lkine aylandırıldı. «Jer hakqındag`ı» Sovet hu`kimetin`in` dekretin` iske asırıw maqsetinde A`miwdar`ya bo`liminde puqaralardın` jerge menshik xuqıqı biykar etilip, jer ha`m suw ma`mleketlik mulk dep ja`riyalandı.

Biraq, Sovet ha`kimiyatı bul ha`m basqada xalıq baylıqların o`z ıqtiyarına alıp, sovetlestirmeqshi bolsa da, bul ilajlar bol`sheviklerdin` kutken na`tiyjesin bermedi. Kerisinshe, irrigatsiya tarawları putkilley isten shıg`ıp, diyxan xojalıqları tolıg`ı menen derlik wayranlang`an edi. Bul jılları A`miwda`r`ya bo`limi boyınsha egislik jerler eki ese, al Shoraxan uchastkasında ush eseden de aslam qısqardı. Na`tiyjede awıl xojalıg`ı o`nimlerinin` zu`ra`a`tligi og`ada to`menlep ketti. Mallardın` bas sanı da ju`da` kemiyp ketti. Sanaat o`ndirisi da og`ada ku`shli pa`senlenip, bul ulıwma sanaat orınlarının` sanının` azayıp ketiwine alıp keldi. 1920-jılına kelip 24 mayda paxta tazalaw zavodınan tek To`rtku`l paxta tazalaw zavodı g`ana islep turdı. Aral ten`izinin` qubla jag`alawlarındag`ı balıq sanaatı o`nimleri ju`da` azaydı. Ma`selen, eger 1913-jılı 280 mın` tsentner balıq awlang`an bolsa, al 1919-jılı tek 65,5 mın` tsentner balıq awlandı. A`lbette xalıq xojalıqtın` bunday og`ada artta qalg`anlıg`ı baslı sebebi Sovet hu`kimetin`in siyasatı na`tiyjesinde urıstın` aqıbetleri boldı, sonın` menen

birge jan`a iyeleri – jumısshılar ha`m diyxanlardın` ele durıs xojalıqtı sho`lkemlestirilmegenligi ha`m olarda jeke ma`pi sana sezimi bolmang`ınlıg`ının` na`tiyjesi bolıp esaplanadı.

Bul jıllarında diyxan xojalıqlarının` wayranshılıq awhalına qaramastan Sovet ha`kimiyatı azıq-awqat razvertkası, yamasa «a`skeriy kommunizm» dep atalg`an argarlıq a`skeriy siyasattı ju`rgizip, diyxanlardı ha`r ta`repleme taladı.[1] Bul siyasat boyınsha Sovet hu`kimeti diyxan ha`m sharwalardan o`ndirilgen g`a`lle ha`m basqa azıq-awqatların a`skeriy ta`rtip jolı menen qolı-jolına qaramay tartıp aldı. Xalıqtan tartıp alıng`an diyxanshılıq ha`m sharwashılıq o`nimleri A`miwdar`ya bo`limindegi qızıl a`skerler ushın paydalanıldı, al paxta tikkeley Rossiya toqımashılarına jiberildn. Bul jılları bolimnin` awıllarında hakıyqatında da salıq mug`darı degen bolg`an emes, al ol g`alaba turde a`skeriy ta`rtip penen Qızıl armiya, ma`mleket ushın tartıp alıng`an.

A`miwdar`ya bo`limi xalıqları azıq-awqat razvertkası menen birge a`skeriy qor ushın kontributsiya to`ledi. Ma`selen, 1919-jılı xalıqqa 10 mın`nan aslam kontributsiya, al 1920-jılı 17 mln.nan aslam kontributsiya salındı. Na`tiyjede, xalıqtın` awhalı awırlastı ha`m asharshılıqqa duwshar boldı. Sol jılları asharshılıqqa ushırag`an xalıqtın` sanı Shoraxanda 5 mın`, al Shımbayda 25 mın` adamnan  asıp ketti. Bulardın` barlıg`ı xalıqtın` sovet ha`kimiyatına degen narazılıg`ın ku`sheytti. Bunın` u`stine bol`shevikler da`slepten-aq medreselerdi xalıq sanası ushın gu`restegi ba`sekilesi dep bilgen komissarlardın` diniy xızmetkerlerge qarsı siyasatı xalıq arasında ja`ne de qarama-qarsılıqlar tuwdırdı.

Solay etip, A`miwdar`ya bo`limindegi bir yarım jıl jan`a hu`kimettin`, qızıl gvardiyashı otryadlarınıı ha`reketleri, nadurıs milliy siyasatı u`lkemizde azatlıq ha`rekettin` en jayıwına alıp keldi. Bol`sheviklerge qarsı milliy-azatlıq gu`restin` ayrıqsha belgileri to`mendegilerden ibarat edi: ja`miyettin` derlik

---

[1] «Ўзбекистоннинг янги тарихи» I-жилд, «Шарқ» -Т., 2000. 67-б.

barlıq qatlamlarının` bul gu`reske qatnasıwı, ha`reketti ruwxanıylardın` basqarıwı, og`an qazaqlardın` da belsene qatnasıwı, u`lkede milliy g`a`rezsizlik, erkinlikke ha`m azatlıq ideyalarının` saqlanıp qalıwı na`tiyjesinde ju`zege keldi.

Sovetlerge qarsı ha`reketleri Xorezm oazisinde da`slep Muxammed-Kurban Serdar (Jo`neyitxan)nın` 1918-jılı noyabr` ayında Petro-Aleksandrovskke ha`m No`kis qorg`anına topılıs jasawı menen baslandı. Bul waqıtta Charjawdan Petro-Aleksandrovskke ja`rdemge jaqsı qurallang`an qızıl a`skerler kelip, olar 11 ku`n dawam etilgen qalanın` qamalın buzdı ha`m qala garnizonı menen birikti. Keyin ala 1918-jılı 13-dekabr`de Petro-Aleksandrovskden ja`rdemge qızıl a`skerler kelip No`kistegi qızıllar menen ku`sh biriktirgennen son` Jo`neyitxannın` a`skerleri keyin shegindi. Bul urısta eki jaqtan da ko`p adamlar qırıldı.

1919-jıldın` ba`ha`rinen baslap bol`shevikler hu`kimdarlıg`ındag`ı sovet rejimine qarsı ha`reket jan`adan ku`sheye baslaydı. Bul waqıtta Shımbay uchastkasında bol`sheviklerge qarsı keyiptegiler ural kazaklarının` atamanı Mixail Fil`chev otryadına qosıldı. Sonday-aq No`kis qala-qorg`an aymag`ındag`ı bolısı - İniyat Niyazov «qızıl»lardın` jawı boldı. Arqa aymaqta Sovet hukimetine qarsı turg`an basshıları Termenbes, İshim bolısı - Lepesbay Joldasov, İbraxim bolıs A`dilov, Xalmuratbay Kurbanov, Kutlımuratbiy (Bala biy), Seytnazar bolıs Pirnazarov, Ubaydulla Bawetdinov (Xan Maqsım) ha`m basqalar edi.

1919-jılı 29-iyul`de Petro-Aleksandrovskten Shımbay uchastkasına Tu`rkistan Oraylıq Atqarıw Komitetinin` ag`zası A.Xristoforov basshılıg`ındag`ı 17 adam quramında arnawlı qurallı komissiya jiberildi. Olar Shımbayg`a barıp, qalalıq atqarıw komitetin tarattı ha`m sovet ta`rtibin ornata basladı. Biraq ol o`zin na`tiyjesin bermedi. Ko`terilisshiler Shımbaydı iyeledi ha`m komissiyanın` ag`zaların (14 adam) oltirilip, 1919-jılı 15-avgust ku`ni Shımbayg`a jaqın Tazg`ara degen awılda olarg`a ja`rdemge jiberilgen 80 nen aslam qızıl

a`skerlerde quralsızlandırıldı.. Keyin ala No`kis qorg`anı, Moynaq balıq awlaw aymaqların ko`terilisshiler qolına o`tti.

Solay etip, bul waqıta Shımbay uchastkasında bol`sheviklerge qarsı ko`terilis ju`z berip, og`an bul uchastkasının` barlıq 12 bolıslınan wa`killeri qatnastı. Diyxanlar Sovet ha`kimiyatına qarsı bul ha`reketlerdi quwatladı, ha`tteki o`zleri de qarsılıq ha`reketine qatnasıp bardı. 1919-jılı avgust ayında A`miwdar`ya bo`liminin` arqa rayonlarında M.Fil`chev basshılıg`ında xalıq hu`kimeti ornatılıp, og`an urallı qazaqlar menen birgelikte U.Bawetdinov (Xan Maqsım), İ.A`dilov, İ.Niyazov, S.Pirnazarov, Qutlımurat (Bala-biy), ha`m t.b. kirdi. Ko`terilisshilerdi Jo`neyitxan quwatladı ha`m olar birlikte Petro-Aleksandrovsk qaytadan qaytadan topılıw haqqında da ken`esti.

Bul waqıtta A`miwdar`nın` on` jag`alawına sovet ha`kimiyatının` o`mir su`riwinin` o`zi qa`wip astında turdı. Sonlıqtanda Xorezm oazisindegi a`skeriy-jag`dayg`a o`zgertiw ushın Tu`rkkomissiya A`miwda`r`ya bo`limine u`lken dıqqat awdardıp, keskin ilaj ko`rdi. Ol o`zinin` qen` huqıqlı wa`kiligi G.Skalovtın komissiyasın usı u`lkege jiberdi ha`m onın` qol astına N.Sherbakov basshılıg`ındag`ı qızıl armiyashılar batal`onın berdi. Sonın` menen birge Charjawdan jan`adan a`skeriy ku`shler jiberildi. 1919-jılı 17-avgustta olar N.Shaydakov ha`m G.Rıjkov basshılıg`ında A`miwdar`ya bo`limine kirip kelip, 11-noyabr`de No`kis qorg`anın` basıp aldı. Keyin ala, Xiywa xanlıg`ına qarsı qızıl a`skerlerden eki otryad – arqa ha`m tu`slik otryadları du`zildi. Olar A`miwda`ryanın` sol ta`repine o`tip, 1920-jılı 1-fevral`da Xiywa qalasın iyeledi. Solay etip Xiywa xanlıg`ı quladı ha`m 2-fevral` ku`ni Xorezm Xalıq Sovet Respublikası du`zildi.

Bul da`wirde A`miwdar`ya bo`liminin` arqa rayonlarında jag`day shiyenlesip o`zgermegen jag`dayda sovet ha`kimiyatı so`ylesiwler ju`rgiziwge ma`jbu`r boldı. Tu`rkkomissiya wa`killeri aqsaqallar ha`m ko`terilis basshıları menen so`ylesiwler na`tiyjesinde qadag`an etiwshi qag`ıydalardın` joqqa shıg`arıwı, en` baslısı 1919-jılı dekabr`degi A`miwdar`ya revkomın qayta

du`ziw bulardın` barlıg`ı paraxatshılıq sha`rtnamasına qol qoyıwg`a imkaniyat jasap berdi. 1920-jıldın` 18-fevralında Tu`rkkomissiyası wa`kili G.Skalov penen u`lkedegi xalıq-azatlıq gu`resinin` basshıları arasında pitimge qol qoyıldı.[1] Shımbay uchastkasında waqıtsha revkom du`zildi. Bolıslıqlarda 5 adamnan ibarat puqaralardın` komitetleri saylandı. Qazaqlardın` u`rp-adetlerin, sotsiallıq-ma`deniy, turmıs jag`dayların ha`m o`zgesheliklerin esapqa alıp, o`zin-o`zi basqarıw ruhsat etildi.

Solay etip, bol`shevikler qızıl a`skerler ku`shi menen sovet ha`kimiyatın bekkemley basladı. Degen menen a`skeriy ku`shtin milliy ha`m diniy qarama-qarsılıqlardı sheshiwde barlıq waqıtta en` ku`shli da`lil bolmaytug`ının` sovet ha`kimiyatı tu`sinip, A`miwda`r`ya bo`liminin` revkomı - N.Soldatov (baslıq), M.Baljanov (orınbasar), Sh.Xasanov, G.Skalov, A.Makaev, İ.Mitin (ag`aları) quramında qayta du`zildi. Birinshi ma`rtebe komissiya orınbasarı ha`m ag`zaları bolıp jergilikli xalıqlardın` ha`m urallı qazaqlardın` wa`killeri saylandı. Bul xalıqlardın` ma`mleketlik sho`lkemlerde qatnasıwı 1919-jıldag`ı ko`terilis jen`isleri dep qaralıwı mumkin. A`miwdar`ya bo`liminde Sovetlerdin` qayta saylawların o`tkiziwge tayınlanıp, onda bol`shevikler jergilikli adamlardı da basshılıqqa qatnastıra basladı. Usıg`an qaramastan bol`shevikler o`z wa`delerin tez arada umıttı. 1921-jılı fevral`da Shımbay uchastkasındag`ı ko`terilisishlerdin` 24 belsene qatnasıwshıları qamalıp, su`rgin etildi. Qaraqum iyshan qusag`an belgili tulg`alar Sovetler saylawlarına qatnasıw xuqıqınan ayırıldı, Xan Maqsım bolsa Sibir`ge su`rgin etildi. 75 iri jer iyelerinen ha`m sawdagerlerden 10 mln manatqa jaqın ja`riyma o`ndirildi.

---

[1] «Қарақалпақстан жаңа тарийхы» -Н., «Қарақалпақстан» 2003. 58-б.

# II-BAP. QARAQALPAQSTAN TARIYXIN OQITIWDA «QARAQALPAQSTAN SOVET HÁKIMIYATINIŃ ORNATILIWI JILLARDA (1917-1920-jj.)» TEMASIN ÚYRENIW METODLARI

## 2.1. Bilimlendiriw nızamı hám kadrlar tayarlawdın` milliy baǵdarlamasınıń tariyx pániń úyreniwdiń talapları

Ruwxıylıg`ımızdı qayta tiklew ushın tag`ı da rawajlandırıw ushın, olardın` bilimin milliy standat da`rejesine ko`teriw solay etip, zaman talabına say bilimli jaslardı qa`liplestiriwdi alg`a qoydı. Usı maqset kadrlardı tayarlaw milliy bag`darlaması islep shıg`ıldı. Kadrlardı tayarlawdın` milliy bag`darlaması ha`m bilimlendiriw haqqında nızamnın` a`hmiyetli maqseti izinde o`shpes iz qaldıratug`ın jeke adamdı ta`rbiyalaw ha`r bir oqıwshının` o`z pikirine iye bolıw alg`an bilimin a`melde qollana alıw uqıplılıg`ın boldırıw, uqıplı sanalı jas a`wladtı ta`rbiyalaw.

Oqıwshılarǵa bilim beriw menen birge onı o`zinshe oylaw ha`m pikirlewge u`yretiw, a`dep ikramlılıqqa ta`rbiyalaw u`zliksiz ta`lim sisteması arqalı ha`r ta`repleme rawajlang`an insandı jetilistiriw hazıypası bul ma`mleket siyasatının` talabı. Kadrlar tayarlawdın` milliy bag`darlamasında en` da`slep talaplar atalıp ko`rsetilgen. Bilim alıw huqıqın a`melge asırıw ha`r bir adamnın` ulıwma bilim alıwın, ka`sip ielewin ta`n alıw bilim tu`rlerin ha`m formaların, ka`siplik tayarlıqtın` tu`rlerin jan`alaw qa`niygelikti jetilistiriw, adamlardı qayta tayarlawg`a itibar beriw.

Bunda ha`r bir adam bilimlendiriw xızmetinen paydalanıwg`a bilimlendiriw standartına muwapıq sapalı bilim ka`siplik tayarlıq alıwg`a kepillik aladı. Kadrlardı tayarlawdın` milliy bag`darlamasında keleshek a`wladtın` ta`g`diri anıq ha`zirgi zaman talabına say boıwına g`amqorlıq ko`rsetilgen. Burıng`ı oqıw sistemasındag`ı kemshiliklerdi boldırmaw aytılg`an. Jan`a standart tiykarında oqıwshılarg`a bilim beriw ushın bilimlendiriw haqqındag`ı nızam qabıl etildi. Bilimlendiriw haqqındag`ı nızamlar kadrlar tayarlawdın` milliy modelinin` islenip shıg`ılıw bilimlendiriw tarawında ilimiy

tikleniwdin`, o`zligimizdi tanıwdın` ma`mleketlik standart tiykarında bilimli, qa`niygeli kadrlardı jetilistiriwde da`wir nızamı bolıp tabıladı. Ha`zirgi zaman talabına sa`ykes bilim beriwde mug`allimler aldına juwapkerli wazıypalar qoyılg`an.

Nızamda ha`m kadrlarda tayarlawdın` milliy bag`darlamasında bilimlendiriw xızmetkerlerine ko`p wazıypalar ju`kledi. Bunda jas a`wladtı bilimli etip ta`rbiyalaw, olardı ilim tiykarları menen qurallandırıw maqsetleri belgilengen. Bilmlendiriw tarawında a`dewir da`rejede ta`jiriybeler toplanıp mug`allim kadrlardı tayarlawdın` sapasına jaqsılaw boyınsha ko`p ilajlar islendi. Bilimlendiriw haqqındag`ı nızamg`a muhapıq milliy kadrlardı jetilistiriw boyınsha joqarı mamanlıqtag`ı kadrlardı tayarlawdın` sapasın jaqsılaw boyınsha ilimiy metodikalıq qollanbalar, a`debiyatlar za`ru`r edi. Jaslardı milliy o`zgeshelikke ta`rbiyalawda arnawlı pa`nler ayrıqsha orın tutadı. Bizin` elimizde ulıwma bilimlendiriw sistemasında arnawlı pa`nler u`yrenilip kelmekte. Onı oqıw arqalı onın` ja`miyetlik rolin tanıwg`a, obektiv shınlıqtı u`yreniwge, tabiyat ha`m ja`miyet rawajlanıwının` ob`ektiv nızamların tu`siniwge ha`zirgi rawajlanıw jag`daydı tu`siniwge mu`mkinshilik aladı.

İlim tiykarların ulıwma bilimlendiriw tarawında pa`nler tarwındag`ı ilimiy jetiskenliklerdin` bazasında klasslarda oqıwshılardın` jas ayırmashılıqlarına, materiallardı o`zlestiriw qa`biletine, aqıl ha`m fiziologiyalıq rawajlanıw da`rejesine qaray pedagogikalıq talaplarg`a sa`ykes materialdı o`zlestiriw pa`n boyınsha bilimnin` ko`lemin anıqlaw za`ru`r bolıp tabıladı.

Oqıtıwdın` ta`jiriybesi oqıw bag`darlamasına tiykarlang`an sabaqlıqlar menen oqıw quralları arqalı teoriyalıq bilimdi ha`m praktikalıq ko`nlikpelerdi sistemalı formada sho`lkemlestiriw za`ru`rligin keltirip shıg`aradı. O`z pa`nin teren` o`zlestirgen ha`m metodikalıq sheberlikti arttırıwg`a tınbay isleytug`ın oqıtıwshı g`ana oqıwshılardın` ilimiy ko`z qarasın qa`liplestiredi. Milliy ilimdi jetilistiriwge milliy kadrlardı tayarlawg`a o`z u`lesin qosqan boladı.

Pedagogikalıq texnologiya tu`sinigi onın` payda bolıwı. Pedagogikalıq texnologiyanı sabaqlıqlarda qollanıw. Jan`a pedagogikalıq texnologiya u`zliksiz bilim ha`m ta`rbiya beriw usılı. XX-a`sirdin` 90-jılları erisilgen g`a`rezsizliktin` sharapatı menen elimiz o`mirindegi a`jayıp o`zgerisler, rawajlanıwlar tek siyasiy ekonomikalıq, ma`deniyat tarawında g`ana emes, ilim pa`n salalarında da u`lken-u`lken jan`alıqlardı keltirip shıg`aradı. O`zbekistan Respublikası, sonın` ishinde onın` menen birge Qaraqalpaqstan Respublikası da pu`tkil ja`ha`nge ko`z taslaytug`ın elge aylandı. Ba`rinen de burın bilimlendiriw salasında u`lken jan`alanıw payda boldı. Bul ma`selede a`lbette 1997 jılg`ı 29-avgusttag`ı O`zbekistan Respublikasının` Oliy majilisinin` IX-sessiyası tariyxıy rol atqardı.[1]

Qaraqalpaqstan aymag`ında jasap atırg`an bizler, usı azg`ana waqıtlardag`ı elimiz o`mirindegi u`zliksiz rawajlanıwdı ko`rip otırıp, bunnan 15-16 a`sir burın Turan, Tu`rkistan, Maverennaxr jerlerinde jasap o`tken, pu`tkil du`nya ilimi, pa`ni ma`deniyatı, tariyxı arxetekturası, muzıkasına negiz tayarlag`an ata babalarımız bolg`an İmai Buxariy, Xoja Axmet Yassawiy, Baxawatdin Naqshbandiy, Beriuniy, A`biw A`liy İbn Sina, Al` Xorezmiy, At Termeziy, Ulıg`bek, Ahmad Farg`aniy, Nawayılar bul babalarımızdın` ha`zirgi g`a`rezsizlik zamandag`ı jasap atırg`an ha`r bir a`wladları xalqının` bul jan`alanıwları menen birge jamayjaq, bul jan`alanıwlırdı rawajlandırajaq.

Jańa sabqlıqlardı zaman talabına say pedagogikalıq texnologiyalardı o`z waqtında islep shıg`ıw ha`m turmısqa engiziwdi ayrıqsha qadag`alaw za`ru`rliligi wazıypalar haqqında oqıtıwshı professorlar aldında wazıypalar turdı. Haqıyqatında da standartı turmısqa engiziw degenimiz milliy qa`niygelerdi tayarlawdın` sıpatın asırıw, milliy ulıwma orta bilimlerdi xalıq aralıq da`rejege alıp shıg`ıw, onı bunnan bılay tu`p tamırınan qayta qurıp shıg`ıw islerin esapqa alg`an jag`dayda belsendilin` ko`rsetiwi, bilim bag`darlamaları ha`m oqıw metodikalıq komplekslerin jan`a mazmun bayıtıw, sho`lkemlestiriwdin`

---

1 A.İkromov, A.Abdullaev, M.Lafasov «O’rta maxsus ta`lim tizimi uchun davlat standarti. İjtimoiy-gumanitar fanlar ywnalishi bwyicha tarmoq ta`lim standarti» -T., «Sharq» 2005. 19-b.

basqarıw xızmetlerin, demokratiyalıq ha`m gumanistlik printsipler tiykarında tu`pten o`zgertiw ushın talaplar bolıp esaplanadı.

Ulıwma orta bilim beriwdin` ma`mleketlik standartlıq talaplarına oqıw ta`rbiya protsesslerin jetkerip muwapıqlastırıw ma`selelerin jan`a pedagogikalıq texnologiyanı engizbey turıp mu`mkin emes. Jan`a pedagogikalıq texnologiya dep otırg`anımız bul ulıwma orta bilim beriwdin` ma`mleketlik standartlıq talaplarına oqıw ta`rbiya protsesseslerin jetkerip muwapıqlastırıw ma`selelerin ma`mleketlik standartlıq talaplarına oqıw ta`rbiya protsesslerin jetkerip muwapıqlastırıw ma`selelerin jan`a pedagogikalıq texnologiyanı engizbey turıp mu`mkin emes.

Rawajlang`an AQSh, Angliya, İzrail`, Yaponiya, Tu`slik Koreya usag`an rawajlang`an ma`mleketlerde innovatsiya degen termin ja`ha`n xalıqları pedagogikasınan qashshan orın alg`an, ken` leksikonda «jan`alıq», «reforma» degen so`zler menen ten`dey ju`redi. Bul so`z da`slepki waqıtlarda ja`miyetliy ekanomikalıq, sotsiyallıq ha`tte texnologiyalıq jan`alıq ha`m rawajlanıwg`a baylanıslı aytılg`an so`z. Son` bul so`z ulıwma ja`miyetlik o`mirdegi ju`z bergen jan`alıqlarg`a qollana beretug`ın bolg`anlıqtan, bilimlendiriw tarawındag`ı jan`alıqlarg`a da belsendi qollanıp ketilgen. Sol sebepli ilimde ol jan`a pedagogikalıq texnologiya ha`zirgi waqıtlarda elimizdegi bilim ha`m ta`rbiya beriwdin` sıpatın belgileydi.

Pedagogikalıq texnologiya elimizdegi bilim ha`m ta`rbiya beriwdin` ma`selelernde ha`zirgi jag`daylarda tolıq engiziliw sharayatları ha`m mu`mkinshilikler jaratıldı. En` baslısı elimizde sovetlik da`wirinen qalg`an bilimlendiriw sisteması tu`p tamırınan o`zgertilip, 1997 jıl 29-avgustta «Kadrlar tayarlawdın` milliy da`stu`ri haqqında»g`ı O`zbekistan Respublikasının` nızamı, al 1997 jıl 15-dekabr`de «Bilimlendiriw haqqındag`ı Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarı Ken`esinin` qararı» qabıl etidi. Ja`ne de 1998 jılı №5 O`zbekistan Respublikasının` Ministrler kabinetinin` «U`zliksiz bilim beriw sistemasında ma`mleketlik bilim beriw sistemanıda ma`mleketlik bilimlendiriw

standartları haqqında», 1998 jılı 13-may №203 «O`zbekistan Respublikasında ulıwma bilim beriwdin` sho`lkemlestiriw haqqında»g`ı qaraqları tiykarında «Ulıwma orta bilim beriwdin` ma`mleketlik bilim standartları» tayarlandı.[1]

Al usı standartlarda akademiyalıq litseyler, orta arnawlı ka`sip o`ner ha`m joqarı bilim beriwdegi o`z-ara baylanıslardı ta`miyinlew mashqalaları da na`zerde tutılg`an. Ha`zirgi waqıtlarda ulıwma orta bilim beretug`ın mektepler akademiyalıq litseyler, ka`sip texnikalıq kolledjler menen joqarı oqıw orınlarındag`ı islewshi pedagoglar ushın baslı problema bilimlendiriw standartlarında u`zliksiz bilim beriw ha`m ta`rbiyanı xalıq aralıq da`rejelerge ko`terip shıg`ıw bolıp otır Ulıwma orta bilim beriwdin` ma`mleketlik standartı degenimiz yamasa ulıwma orta bilim beriwdin` ma`mleketlik bola qalg`an qubılıs emes, bul neshshe-neshshe jıllarg`ı xalqımızdın` arzıw a`rmanlarının` gu`reslerinin` na`tiyjesi sonın` ushın bul ma`selege ha`r bir adam ju`da` itibarlı qaramag`ı lazım. Sonın` ushın turmısta perspektivalı, onın`, solın, tolıq biletug`ın, uzaq keleshekke ko`z taslay alatug`ın belsendi puxaralardı ta`rbiyalawg`a ayrıqsha kewil bo`liw kerek. Bul ushın bizin ja`miyetimizde ulıwma orta bilim beretug`ın mektepler ayrıqsha rol` atqaradı.

Bunday insanlar birinshi na`wbette qaysı jerde ta`rbiyalanadı. A`lbette mektepte. Ol mektepte bilim ha`m ta`rbiya aladı. Sonın` ushın ondag`ı ertektin` ertektey bolıp o`tiliwi, da`stannın` da`standay bolıp jırlanıwı, naqıl-maqal, jumbaq, jan`ıltpashlardın` elde, xalıqta aytılıw usılları, qosıq, gu`rrin`lerdey bolıp o`tiliw da`stu`rleri buzıladı. Sabaqta ha`mme tema, ha`mme janr bir qa`lipte o`tiledi de turadı. Barlıg`ı bir monera, bir tonda balag`a sabaqta zerigerlik jag`daylar tuwg`ızadı. Bala mug`allimnin` sabag`ınan tu`n`ilip ketedi.

Bilimlendiriw sistemasındag`ı payda bolg`an ha`r qanday jan`alıqlar pedagogikalıq innovatsiyalar dep ataladı. Eger biz u`zliksiz bilim beriw ha`m ta`rbiya beriw ma`selelerinde ulıwma orta bilim beriwdin` ma`mleketlik

---

[1] Tolipov O'., Usmonboeva M. «Pedagogik texnologiyalarning tarkibiy asoslari» -T., «Fan» 2006. 30-b.

standartları dyrejesinde isleytug`ın bolsaq, onda ma`mleketimizdegi bilimlendiriw jo`nindegi nızam, kadrlar tayarlawdın` milliy da`stu`rlerindegi reformanın` to`mendegidey tiykarg`ı bag`darların biliw za`ru`rligi turadı.

- U`zliksiz bilim beriwdin` mazmunın ha`m bir-biri menen baylanısın reformalastırıw.

- Bilim ha`m ta`rbiyanı basqarıwdı reformalastırıw.

- Bilim beriwdin` bazar ekanomikasına tiykarlang`an mexanizmin jaratıw.

- Ata-ananın`, oqıtıwshı, oqıwshının` bilim alıw protsessine jan`a ko`z-qaraslardı qa`liplestiriw.

- Bul reformalardı belsendi ha`reketke keltiriwshi pedagogikalıq texnologiyanı iske asırıw kerek.

Mektep mug`allim oqıw ta`rbiya ma`selelerinde bilimlendiriwdin` ma`mleketlik standartın xalıq aralıq da`rejelerge jetkeriw ushın a`sirese jan`a pedagogikalıq texnologiyanı ken` ko`lemde qollanıw. Ulıwma pedagogikalıq protsesste mug`allimge u`lgi alıp bergendey pedagogikalıq ortalıq jaratılg`an. O`ytkeni, ha`zirgi respublikamızdag`ı geypara pedagoglarımız «Pedagogikalıq texnologiyanı» klassta oqıw professinde qollanıp ko`rgenlerinde qanday na`tiyjeler kelip shıg`ıp atır. Bul ma`seleler ha`mmeni qızıqtıradı. Ja`ne de O`zbekistan Qaraqalpaqstan tariyxı boyınsha sınaw maydanshasında qayta qayta sınawlardan o`tkerilip ko`rilgen jan`alıqlar so`zsiz oqıw protsessine engizile berer edi. Ol jan`alıqlar oqıw protsessinde ma`selelerge negiz de bolar edi. Bizin` respublikamız ushın en` a`hmiyetlisi usı boladı.

Ja`ne de a`hmiyetli ma`sele a`dbette jan`a pedagogikalıq texnologiya tariyxtı oqıtıw ma`selelerine engizilmey turıp, oqıtıwdın` bilimlendiriwdin` jan`a sıpatı ko`rinbeydi. Ha`r bir pedagog du`n`yalıq pedagogikalıq jan`alıqtın` negizinde o`z materiallıq texnologiyalıq bazanı da qarastırıp, jan`a oylaw, izleniw jan`asha islew, oqıw metodikalıq ma`selelirinde jetilistiriw tiykarında u`zliksiz bilim beriw sistemasın  du`n`yalıq arenag`a shıg`arıwdın` jolların qarastırıwdan ibarat. Solay etip, pedagogikalıq protsesstegi tiykarg`ı maqset

o`zin`di jan`alıqtan ob`ektine aylandırıw kerek. Senin` oqıw protsesslerin`degi jan`alıqların` basqalarg`a da u`lgi bolsın. Sonda jan`a pedagogikalıq texnologiyanın` tiykarında jumıs islenipatırg`an boladı. Sol jag`dayda jan`a pedagogikalıq texnologiya elimizde u`zliksiz bilim ha`m ta`rbiya beriwdin` bas sıpatın ko`rsetetug`ın o`lshemge aylanadı.

## 2.2. Qaraqalpaqstan sovet hákimiyatinıń ornatılıwı jıllarda (1917-1920 jj.) temasın úyreniwde qoyılatıǵın zamanagóy talaplar

Adamzat ja`miyeti erte zamanlardan aqılıy rawajlanıwına ruwxıy bayıwına, ka`sip-o`nerli bolıwına, joqarı insaniy qa`diriyatlardı, iolmiy pazıyletlerdi ta`rbiyalawg`a jan ku`ydirip keldi. G`a`rezsizlik erkinlik sharapatı menen ata-babalarımızdın` iske aspag`an arzıw a`rmanların tabıslı turmısqa asırıwg`a mu`mkinshilik beredi. Uzaq da`wirlerden baslap oqıw ta`rbiyada qollanılg`an ha`kimshilik unamsız ta`sir etti. Barlıq millet jasları ma`jbu`riy tu`rde orıs qa`diretleri ruwxında ta`rbiyalandı. Milliy tiykardan juda bolg`an ulıwma insaniy ha`m milliy qa`diriyatlardı bir birine birlestire almag`an kommunistlik tyrbiya jergilikli millet jolların ruwxıy jaqtan kambag`allastırdı. O`z betinshe pikirlewden ayrıldı. Do`retiwshilik oylawı menen uqıbının` jedelli miynet islew qa`liplesiwine kesent keltiredi.

Bilimlendiriw haqqındag`ı nızam ha`m kadrlardı tayarlawdın` milliy bag`darlaması oqıw ta`rbiya protsessinde insanıylastırıw ha`m demokratiyalastırıw ideyası menen suwg`arılg`an. Sol ushın bilimlendiriw tarawın tu`p tiykarınan o`zgertiw wazıypası ku`n ta`rtibine qoyıldı. Oqıw menen ta`rbiyanın` birligine erisiw onı insanıylıq ha`m demokratiyalıq sıpatta iske asırıw baslı ma`sele bolıp esaplanadı.

Oqıtıw ha`m ta`rbiya jumısların insanıylastırıw ja`ne demokratiyalastırıw oqıw ta`rbiyadag`ı kemshiliklerdi saplastırıw. Bilimdan ruwxı bylent, uqıplı jaslardı tyrbiyalaw baslı wazıypa boldı. Oqıw ta`rbiyadag`ı insanıylastırıw ha`m demokratiyalastırıw na`tiyjesinde oqıtıwshı ha`m oqıwshı arasında mu`na`siybet

oqıw ta`rbiya jumısları jaqsı jolg`a qoyıldı. Oqıw ta`rbiya jumısında ustaz-sha`kir qatnasıqları tek huqıqlıqqa, erkinlikke o`z-ara hu`rmet ha`m isenimge tiykarlanadı. Oqıwshılar ta`g`dirine jan ku`ydiriw ognın` keleshekte el azamatı bolıp jetilisiwine g`amxolıq etiw oqıw ornına ju`klengen oqıtıw ha`m ta`rbiya jun`mısların alıp barıwda onın` sapasın jaqsılawda oqıwshılardın` pikri, usınısları esapqa alınadı.

Oqıw ta`rbiya demokratiyalastırıw arqalı balanın` uqıplılıg`ı talantı joqarı da`rejede boladı. Milliy ha`m ulıwma insanıylıq qa`diriyatlardın` u`stinligi kelip shıg`adı. Oqıw ta`rbiyanı demokratiyalastırıw na`tiyjesinde insan ha`m ja`miyet ag`ım talabı orınlanadı. Oqıw ha`m ta`rbiyanın` mazmunı usılları menen metodlarının` bir tu`rliligi saplastırıladı oqıwshı huqıqı, erkinligi, ta`miyinlenedi. O`z-ara tu`sinisiw birge islesiw ma`seleleri orınlanadı. Ulıwma insanıy qa`diryatlar mene milliy qa`diriyatlardı bir-birine muwapıqlast`ırıw, jan`a milliy pedagogikalıq texnologiyanı jaratıw ha`m onı jetilistiriw negizi wazıypa bolıp esaplanadı. Jas a`wladtı haqıyqıy insan etip ta`rbiyalaw onın` talantın xoshametlewbas ma`sele bolıp tabıladı. Bul ushın ha`r bir pedagog xalıq bilimlendiriw xızmetkerleri oqıtıw ha`m ta`rbiya jumısların insanıylıq sıpatta demokratiyalıq tiykarda pu`tkilley jan`asha sho`lkemlestiriw tiyis.[1]

Oqıw ta`rbiya isleri demokratiyalıq tiykarda, insangıylıq sıpatta birge alıp barılsa, oqıwshıda o`zin-o`zi basqarıw o`z betinwshe pikirlew bir biri menen doslarshsha qatnas jasaw a`detleri qa`liplesedi. Oqıw ornında ruwxıylıq a`dep ikramlılıq ha`m psixologiyalıq jag`day jaratılsa oqıw ta`rbiya pedagogikalıq talaplarg`a sa`ykes alıp barıladı. Oqıwshılardın` belsendiligi artıp o`z-ara talpshan`lıg`ı ku`sheyedi. Oqıw ta`rbiya jumıslarında birge islesiwge a`hmiyet bermew buyrıqpazlıqtı `keltirip shıg`aradı. Bunu`day jag`dayda pedagog o`zinin` minez qulqın, is-ha`reketin, qa`te-kemshiliklerin du`zetiwleri kerek boladı. Pedagogikalıq protsess bul do`retiwshilik protsess. Mug`allim oqıwshı

---

[1] Yo’ldoshev J.G`., Usmonova S.A. «Pedagogik texnologiyalar asoslari» -T., «Fan», 2004. 157-b.

menen birlikte do`retiwshilik tiykarda bolatug`ın sabaq protsessitw jaratadı. Pedagogikalıq protsess mug`allim menen oqıwshının` ten` huqıqlı erkin do`retiwshilik xızmeti negizinde payda boladı. Mug`allimnin` sabaqtı do`retiwshilik penen jan`a pedagogikalıq texnologiya tiykarında o`tiwi na`tiyjesinde, oqıwshıda do`retiwshilik oylaw ha`m uqıplılıq qa`liplesedi.

Oqıtıw ha`m ta`rbiya jumısların insanıylıq sıpatta ldemokratiyalıq tiykarda birge islesiw pedagogikasının` printsiplerine insanıylıq sıpatta demokratiyalıq tiykarda birge islesiw pedagogikasının` printsiplerine ılayıq alıp barpıwda jan`a pedagogikalıq texnologiyanı qollanıwda ha`r bir mug`allim o`rnek ko`rsetiliwi kerek.

Ha`r bir sabaq ha`m ha`r tu`rli ta`rbiya jumısı jan`asha do`retiwshilik penen joqarı sapada o`tkeriliwi lazım. Bul jan`a zaman talbı. Oqıtıwda jan`alaw, jan`a texnologiyadan paydalanıw da`wir talabı bolg`anlıqtan ha`r bir materialdı, teren`lestirip, onın` ilimiylik ta`repine itibar berilip, bilimlendiriw sistemasındag`ı o`zgerislerdi esapqa alıwg`a tuwra keledi. Sol ushın sabaqtın` ilimiyliligine, oınn` jan`alıg`ına itibar beriliwi sha`rt. Sonda oqıtıwdag`ı ilimiylik jan`alıqlar a`melge asırılg`an boladı.

Ma`mleketimizde oqıtıw barısında bolıp atırg`an jan`alıqlar, o`zgerisler bilimlendiriw tarawındadidaktikalıq jandasıwladı talap etedi. Turmıstag`ı jan`alıqtı jetkeriw oqıtıwshılardın` tiykarg`ı wazıypası ha`m a`diwli minnetli. Ha`zirgi oqıtıw sistemasında didaktikanın` semantik ta`replerin anıqlaw ha`r bir taraw ushın za`ru`rli ha`zirgi ilimiy kontseptsiyalar qospalı bolıp, teren`lespekte. Semantika probleialari o`tiletug`ın materiallardı bayanlaw, oqıwshılardın` ilim sırların tolıq iyelewin ta`miyinlew tag`ı basqa ma`selelerdi sheshedi.

Oqıtıwdın` mazmunı bolsa ilimiy jaqtan biliw metodlar menen usılları oqıwshılardın` o`zinshe bilim alıw qa`biletligin payda etiwshi metodolgiyalıq bilimlerdi o`z ishine aladı. Sabaq barısında ta`lim-ta`rbiyada oqıwshı tiykarg`ı figura, onın` sub`ekti bolıw kerek, oqıw, u`yreniw, materialdı tolıq talıqlaw oqıwshıg`a wazıypa etip ju`klengen. Biraq mug`allim basqarıwshı ob`ektbolsa,

oqıwshı basqarılıwına, sub`ekt boladı.

Ob`ekt ba`rqulla oqıtıw maqsetindeu` ılayıq oqıwshıg`a u`lken ta`sir jasaydı. Sub`ekt ob`ekt tyrepinen belgilengen maqset ha`m wazıypalardı durıs anıqlap onın` orınlanıwın ta`miyinlewdi yag`nıy mug`allim oqıtıwdan basqa oqıwshını u`yretiwge bilim beriwden basqa, bilimlerdi tolıq iyelep alıwg`a ko`meklesiwi kerek.

Oqıtıwdın` tiykarg`ı maqseti oqıwshıda talapshan`lıqtı arttırıw bilimdi puxta ha`m jaqsı o`zlestirip alıw bolıp esaplanadı. Ha`zirgi ilimiy-texnikalıq o`zgerisler ma`deniy, siyasiy gumanitar bilimler de bilimlendiriwge o`z ta`sirin tiygizbekte. Jan`a pedtexnologiya ta`lim-ta`rbiya ushın za`ru`rli bolıp qaladı. «Bilimlendiriw haqqındag`qı nızam» ha`m «Kadrlardı tayarlawdın` milliy bag`darlaması» tiykarında ta`lim-ta`rbiyada alıp barılıp atırg`an jumıslar o`zinin` jaqsı ta`replerin ko`rsetedi. Oqıtıwdın` mazmunın anıq bilim beriwshilik ta`repinen jaqsılaw kerek boladı. Oqıtıwdın` mazmunın jaqsılawdın` bir neshe komponentleri bar. Solardan sabaqlıqlardın` sapasın jaqsılaw.

O`ytkeni sabaqlıq oqıwshını durıs jolg`a saladı. Anıq bilimliligin arttıradı. A`lbette sabaqta mug`allim tiykarg`ı xızmet atqaradı. Ol oqıwshının` tolıq, jaqsı bilim alıwın, jan`alıqlardan xabardar bolıwın ta`miyinleydi. Sabaq barısında, ta`lim ta`rbiyada oqıwshı tiykarg`ı ha`reketlendiriwshi ku`sh oqıtıwdın` sub`ekti bolıw kerek. Mug`allim oqıtıw arqalı oqıwdı u`yretiwshi bilim beriwden oqıwshının` bilimdi o`zinshe alıwına ko`meklesiwi tiyis. Oqıtıwdın` mazmunın jaqsılıwdı ha`r bir sabaqtı ta`lim-ta`rbiyanın` bir-biri menen baylanısı bekkem bolıwı za`ru`r. Ha`r bir sabaqta oqıwshının` qızıg`ıwshılıg`ın, oqıw materialının` tu`sinik bolıwın ta`miyinlew kerek. Ol ushın mug`allim menen oqıwshı jaqsı qatnasta boladı. Oqıw mazmunın jaqsılawda, seminar oyın, konkurs, jarıs, soraw juwap sıyaqlı jumıs tu`rlerin alıp barıw kerek.

«Kadrlar tayarlawdın` milliy bag`dardaması» ta`lim ta`rbiyanın` maqsetin jan`alaydı, sog`an sa`ykes mazmunı o`zgeredi. Oqıtıwda jan`alıqlardı engizip do`retiwshilik uqıp payda bolsa, oqıtıw mazmunı jaqsılanadı. Oqıwshının`

biliwge bolg`an qızıg`ıwshılıg`ı artadı, mug`allimnin` bilim beriw ushın talapshan`lıg`ı, juwapkershiligi ku`sheyedi. Bilimdi o`zinshe iyelew qa`biletliligi, qa`liplesedi, erkin pikirlewge erisedi. Ta`lim standartları talabı boyınsha oqıwshılardın` bilim da`rejesi artadı. Oqıtıw ota`rbiya jumısların sho`lkeu`mlestiriwde oqıwshılardın` ta`rbiyalang`anlıg`ı esapqa alınadı. Sog`an sa`ykes pedtexnologiya qollanıladı. Ol pedtexnologiya oqıwshını oqıtıw emes olarg`a oqıw o`nerin u`yretiwde bilim beriw emes, bilimdi o`z betinshe iyelewdi na`zerde tutadı. Jan`a pedtexnologiyada da`stu`riy ha`m da`stu`riy emes sabaqlar, lektsiyalar, laboratoriyalıq jumıslar bir-biri menen baylanıslı alıp barıladı. Sabaqta pikir tartısın, boldırıw ashıq sa`wbetlesiw, o`z-ara gu`rrin`lesiw islerine a`hmiyet beriledi.

Jan`a pedtexnologiya oqıw ta`rbiya jumısların qa`niyne tayarlawdın` sapasın jaqsılaydı. Mug`allim menen oqıwshının` birliktegi do`retiwshilik islerin tymiyinleydi. Sabaqtı jan`asha jobalastırıw ha`m o`tkeriw texnologiyası oqıwshılardı og`ada jedellestiredi, olardın` belsendiligin arttıradı, do`retiwshilik oylawın, iskerligin, qızıg`ıwshılıg`ın o`z betinshe pikirlewin arttıradı. Jan`a pedtexnologiya boyınsha sabaq o`tkende oqıwshılar sabaqtı jobalastırıwg`a sabaqtın` jan`a usıllarının` qollanıwın an`laydı. Ko`rsetpeli qurallar tayarlaw, komp`yuterde sabq o`tiw, internetten paydalanıw ma`seleleri mug`allim menen oqıwshının` djıqqatında bolıwı tiyis.

Da`stu`riy oqıtıw ta`rbiyada mug`allim bas figura bolsa jan`a ped texnologiyada oqıtıwshılıq xızmeti birinshi orında boladı. Sebebi, oqıtıw ta`rbiya protsessin oqıtıwshılardın` xızmetleri boyınsha sho`lkemlestiriw ped texnologiyalarının` tiykarg`ı printsipi. Oqıtıwshılar jan`a ped texnologiyasında sabaqtı baslawshı, alıp barıwshı, tapsırmanı tekseriwshi, o`zin-o`zi qadag`alawshı bolıp esaplanadı. Awızsha jazba jumıslardı orınlawg`a sitemalı tu`rde shınıqtırıladı.

Jana milliy pedagogikalıq texnalogiya sheber qollap oqıw ta`rbiya jumısların alıp barılsa, keleshek jaslar jetik insan bolıp jetilesedi. Ha`zir du`n`ya

ju`zi pedagogikasında xu`r qıylı pedegogikalıq texnalogiyalar bolıp onı tu`rlishe klassifikatsiyalaw qollanıladı. Ma`selen: Kognitivlik pedtexnologiya, evristlikalıq pedtexnologiya, kreativlik (do`retiwshilik) pedtexnologiyalar, problemalıq oqıtıw, alternativ, traditsiyalıq emes pedagogikalıq texnologiyalar bar.

Kognitivlik pedtexnologiya – oqıwshı adamzat ja`miyeti ta`repinen toplang`an bilim, ta`jriybe menen quralandıw ha`m olardı o`zinin` keleshektegi xızmetinde qolanıwg`a u`yretiwdi maqset etip qoyadı.

Eristikalıq pedtexnologiya - lektsiya, seminar, laboratoriyalıq ha`m a`meliy jumıslarda, mashqalallı jag`dayda teren` izertlew ha`m izlep taptırıw arqalı oqıtıwg`a bag`darlang`an boladı.

Kreativlik (do`retiwshilik) pedtexnologiya - do`retiwshilik, oylaw ha`m uqıplılıqtı rawajlandırıw ha`m onı qa`liplestiriwge bolıp esaplanadı.[1]

Oqıtıwshılarg`a bilim beriwde bir yamasa birneshe ped texologiyadan paydalanıw mu`mkin. Ped texnoloiyanı jaratıw jaslardın` qızıwg`ıwshılıg`ın, uqıplılıg`ın, bilim da`rejesin esapqa alg`an jag`dayda pa`nnin`, temanın` mazmunın ha`m ko`lemin esapqa alatug`ın metodikalıq usıllarda durıs qollanıw esapqa alınadı.

Kongitivlik pedtexnologiya tiykarında sabaq o`tiwde mına na`rselerge itibar beriw kerek bolalı:

- Úyreniletug`ın material boyınsha oqıwshılarg`a azı-kem mag`lıwmat beriw. Usı tiykarda oqıwshı usı materialdı o`zine pikirley alıw da`rejesine erisiwi tiyis.

- Oqıwshılardın` o`z betinshe jumıs islewi ushın tapsırma berip, olardın` izleniwshilitgin, oylawın qa`liplestiriw.

- Úyrenilgen materialdı, burıng`ı o`tilgen temalar menen salıstırıp, olardın` bir-birinen o`zgesheliklerin anıqlaw.

---

[1] Azizxojaeva N. «Pedagogik texnologiya va pedagogik mohorat» -T., TDPU. 2003. 21-b.

Keriativlik pedtexnologiya tiykarında sabaq o`tiw barısında oqıwshılardın` oylaw qa`biletligin, qızıwg`ıwshılıg`ın, uqıplılıg`ın arttırıwg`a itibar beriledi. Bul boyınsha to`mendegiler esapqa alınadı.

- O`tiletug`ın materiallardı analiz sintez usılda tu`siriw talap etiledi, salıstırmalıq tykarda bilim beriw eskertiledi.

- O`tilgen material boyınsha oqıwshının` bili alıw uqıplılıg`ı, a`meliy jumılarda islew ko`nlikpesi talap etiledi.

- O`tilgen material boyınsha tu`sinigi materiallardı o`zlestiriw da`rejesi anıqlanadı. Bul ko`rsetilgen basqıshlar ha`m talaplarda o`tilgen ha`r bir sabaq o`zinin` unamlı na`tiyjesin beredi. Sebebi oqıwshılarg`a bilimdi tayar halında bermesten, olardın` bilimdi ko`birek o`z betinshe erkin o`zlestirip alıwın ta`minleydi. Sabaq barısında mug`allim ha`r bir oqıwshı menen jekke islesiwine tuwra keledi.

Jan`a ped texnalogiyadan paydalanıw ha`m onı qollanıw arqalı jaslarımızdı bilimli talantlı etip ta`rbiyalawg`a erisemiz. Jan`a ped texnologiya ha`r qıylı ta`riplenedi, birawler bilim beriwdin` usılına alıp barılıwı dese ekinshi birewler bilim beriwdin` maqsetinde erisiw texnologiyası deydi.

Pedtexnologiya joqarı bilimli, ruwxıy jaqtan bay oqıtıwshılardın` bilim beriw, metodlar ha`m qurallardan paydalanıp oqıwshının` isshen qatnasıwın ta`minleytug`ın ha`m jaqsı na`tiyje beretug`ın usıllar jıynag`ı. Ol ushın mug`allim to`mendegidey talapqa juwap beriwi kerek.[1]

- Joqarı bilimli oqıwshılarg`a bilim jetkere alıwı tiyis.

- Jetik ta`jriybege iye bolıwı, o`z ta`jriybesin praktikada qollanıwı kerek.

- Professional bolıwı o`z pa`nin jaqsı biliwi, jan`alıqlardı tolıq jetkere alıwı kerek.

- Do`retiwshilik qa`biletke iye bolıwı o`z pa`ni boyınsha oqıtıwda jan`a usılın tabıwı za`ru`r.

---

[1] T.Tashpulatov, Ya.Gafarov «Tarix o'qitish metodikasi» -T., «O"qituvchi» 2002. 20-b.

Oqıtıw barısında oqıtıwshı isshen ha`rekette boladı, oqıtıwshı ha`r bir oqıwshıda erkin pikirlew qa`biletin rawajlandıradı, oqıtıwshı pikirin o`zinshe ayta alıwı kerek. Pedtexnologiyanı oqıwg`a engiziwdin` maqseti sapalı bilim ha`m ta`rbiya alg`an sana-sezimi rawajlang`an jaslarg`a iye bolıw.

Pedtexnologiyalıq jetekshi printsipleri.

İnkorporatsiya - bul ha`r qıylı pa`nlerge tyisli bilimdi ja`mlep, birlestiriw arqalı oqıwshılarg`a u`yretiw bolıp tabıladı.

Sa`ykeslilik - bul ha`r tu`rli oqıw orınlarında oqıtıw mazmunın usılların qollap quwatlaw bolıp esaplanadı.

Do`retiwshilik - bul ha`r tu`rli oqıw orınlarındag`ı mug`allimlerdin` pedtexnologiyanı do`retiw mu`mkinshiligin ha`m ha`r bir oqıwshının` o`zgesheligin esapqa alıw.[1]

Pedtexnologiyanı islep shıg`ıwdın` ko`lemi tu`rindegi basqıshında mug`allim wazıypaları oqıwshılardın` oqıwg`a qızıg`ıwın bolırıwg`a bag`darlang`an oqıtıwdın` tu`ri anıqlandı.

Jan`a pedtexnologiyanı belgili bir pa`nninn` oqıtılıwına bag`darlanıwınan oqıwshılardın` erkin oylawı, pikir talası, do`retiwshiligi, uqıplılıg`ı, sawatlıqqa iye bolıwı artadı. Jan`a ped texnologiya tiykarında oqıtıw maqseti ha`m wazıypalaı to`mendeiler.

- İlimnin` barlıq tarwların o`zlestiriwine ha`m onı a`melde qollana biliwi ne erisiw;

- Oqıwshının` so`ylew ma`deniyatlılıg`ı menen jazba sawatlılıg`ın arttırıw;

- Oqıwshılardın` alg`an bilimin anıqlawg`a turmıs penen baylanıstıra biliwine erisiw;

O`zbekistan Respublikası g`a`rezsizlikke eriskennen son` ta`lim- ta`rbiya protsessinde u`lken o`zgerisler ju`z berdi. Ha`zirgi ku`nde ta`lim protsesinde

---

[1] «Ozbekiston tarixni o'qitish va o'rganishning yagona kontseptsiyasi» -T., «Sharq» 1996. 42-b.

interaktiv metodlar, innavatsion texnologiyalar, pedagogik ha`m axborot texnologiyalarınan oqıw protsessinde qollawg`a bolg`an qızıg`ıw itibar ku`nen ku`nge ha`wij alıp barmaqta, bunday bolıwının` sebeplerinin` biri, usı waqıtqa shekem da`stu`riy ta`limde oqıwshılardı tek g`ana tayar bilimlerdi iyelewge u`yretken bolsaq zamanago`y texnalogiyalar olardı iyeleytug`ın bilimlerin o`zleri qıdırıp tabıwlarına, g`a`rezsiz u`yrenip, analiz etiwine, ha`tteki juwmaqlardı da o`zleri keltirip shıg`arıwlarg`a u`yretiledi.

Oqıtıwshı bul protsesste shaxstın` rawajlanıwına, qa`liplesiwine, bilim alıwına ha`m ta`rbyalanıwına sharayat jaratıladı ha`m sonın` menen bir qatarda basqarıwshılıq bag`dar beriwshi funktsiyasın orınlaydı. Ta`lim protsessinde oqıwshı tiykarg`ı figurag`a aylandı. Sonın` ushın tariyx sabaqlarında zamanago`y oqıtıw interaktiv metodlar, innavatsion texnologiyalardın` ornı ha`m roli u`lken a`hmiyetke iye. Pedagogikalıq texnologiya ha`m pedagog sheberligine baylanıslı bilim, ta`jriybe ha`m interaktiv metodlar oqıtıwshılardı bilimli, sawatlı bolıwına imkaniyat jaratadı.

İnnovatsiya - jan`alıq kirgiziw, jan`alıq esaplanadı. İnnavatsion texnalogiyalar pedagogikalıq protsess ha`m de oqıtıwshı ha`m oqıwshı iskerligi jan`alıq, o`zgerisler kirgiziw bolıp, onı a`melge asırıwda tiykarınan interaktiv metodlardan tolıq paydalanıladı.

İnteraktiv metodlar bul ja`ma`a`t bolıp pikirlew dep ju`rgiziledi, yag`nıy pedagogik ta`sir etiw usıları bolıp ta`lim mazmunnın` quramlı bo`limi esaplanadı. Bul metodardın` o`zine ta`nligi sonnan ibarat olar tek g`ana pedagog ha`m oqıwshılardan birgelikte jumıs islewi arqalı a`melge asırıladı.

Bunday pedagogikalıq birge islew protsesi o`zine ta`n qa`siyetlerge iye bolıp, olarg`a to`mendegiler kiredi.

- Oqıwshının` sabaq dawamında oqıwg`a itibarsızlıq qılmawg`a erkin pikirlewge, o`z u`stinde islewge ma`jbu`r etiwi.

- Oqıwshılardı oqıw protsessinde bilimge bolg`an qızıg`ıwların ha`mme waqıtta itibarg`a alıw ha`m ta`minlew.

- Oqıwshılardın` bilimge bolg`an qızıg`ıwshılıg`ın g`a`rezsiz ra`wishte ha`r bir ma`selege do`retiwshilik ta`rizde ku`sheytiw.

- Pedagog ha`m oqıwshının` ha`mme waqıt birgelikte jumısının` qa`liplesiwi.

Pedagogikalıq texnoogiyalar ma`selelri, mashqalalardı u`yrenip atırg`an oqıwshılar, ilimiy izertlewshiler pikirinshe, pedagokalıq texnalogiya bul tek g`ana axborot tkexnologiyası menen baylanıslı bolg`an ha`m oqıtıw protsessinde qolanıw mu`mkin TSO, kompyuter, aralıqta turıp oqıtıw, yaki ha`r qıylı texnikalardan paydalanıw deb belgilenbidi.[1]

Bizin` pikirimizshe pedagogikalıq texnalogiyanın` en` tiykarg`ı negzi oqıtıwshı ha`m oqıwshının` belgilengen maqsetke qamsızlandırılg`an na`tiyjege birgelikte erisiwde qollanılatug`ın ha`r bir ta`lim texnalogiyası oqıtıwshı ha`m oqıwshı arasında birge islesiwdi ornata alsa, oqıw protsesinde oqıwshılar erkin pikirley alsa, izlense analiz ete alsa, o`zleri juwmaq shıg`ara alsa o`zlerine, gruppag`a, gruppa bolsa olarg`a baha bera alsa oqıtıwshı o`zi bolsa olardın` bunday jumısları ushın imkaniyat jarata alsa, usı waqıt oqıtıw protsesinin` tiykarı esaplanadı.

Ha`r bir sabaq, tema, oqıw, predmetin o`zine ta`n texnologiyası bar, yag`nıy oqıw protsessindegi pedagogik texnologiyası bar bul jeke ta`rtiptegi protsess bolıp ol oqıwshının mu`ta`jliginen kelip shıqqan halda bir maqsetke bag`darlang`an aldınan jobalastırılg`an ha`m kamsızlandırılg`an na`tiyje beriwine qaratılg`an pedagogikalıq protsess bolıp tabıladı.

Oqıtıwshı ha`m oqıwshının` maqsetten na`tiyjege erisiwinde qanday texnalogiyanı olar ıqtıyarına, sebebi ha`r eki ta`reptin` tiykarg`ı maqseti anıq. Na`tiyjege erisiwge qaratılg`an, bunda oqıwshılardın` bilim da`rejesi, klass xarakteri, sharayatqa qrap islenetug`ın texnologiyag`a tan`lanadı. Mısalı, na`tiyjege eriiw ushın, ba`lkim kompyuter menen islew lazım, ba`lkim fil`m,

---

[1] T.Tashpulatov, Ya.Gafarov «Tarix o’qitish metodikasi» -T., «O’qituvchi» 2002. 48-b.

tarqatpa material, sızılma ha`m plakatlar, ha`r qıylı a`debiyatlar, axborot texnologiyası kerek bolar, bul tek g`ana oqıtıwshı ha`m oqıwshıg`a baylanıslı.

Sonın` menen bir qatarda oqıtıw protsessinin` aldınan jobalastırıw za`ru`r, bul protsesste oqıtıwshı oqıw predmetinin` o`zine ta`n ta`repin, orın ha`m sharayatın, en` tiykarg`ısı, oqıwshının` imkaniyatı ha`m imkaniyatına ha`m birgelikte islewin sho`lkemlestire alıwın, esapqa alıw kerek, sonda g`ana, kerekli kafolatlang`an na`tiyjege erisiwi mu`mkinshiligine iye bolamız. Soay etip aytqanımızda, oqıwshını ta`linin` orayına alıp shıg`ıw kerek.

Oqıtıwshı ta`repinen ha`r sabaqtı anıq jag`dayda ko`re alıwı ha`m onı elesletiw ushın bolajaq sabaq protsesin jobalastırıp alıw kerek. Bunda oqıtıwshıg`a bolajaq sabaqtın` texnalogiyalıq kartasın ha`r bir tema, ha`r bir sabaq ushın oqıtılatug`ın predmet, pa`nnin` qa`siyetinen. Oqıwshılardın` imkaniyatı ha`m mu`ta`jliginen kelp shıqqan xalda du`ziledi. Bunday texnalogiyalıq karta du`ziw birqansha quramalı degen menen bunın` ushın oqıtıwshı, pedagogika, psixalogiya, metodika, pedagogikalıq ha`m axborot texnalogiyadan, xabardar bolıw kerek, sonday-aq ha`r qıylı metodlardı maqsetke muwapıq biliw kerek. Usıllardı biliw kerek boladı. Ha`r sabaq qızıg`arlı bolıwı ushın aldın puxta oylap du`zilgen sabaqtın` jobalastırg`an texnalogiyalıq kartasına baylanıslı boladı.

Sabaqtın` texnalogiyalıq kartasın qay ko`riniste yaki formada du`ziw, bul oqıtıwshının` ta`jriybesi, qoyg`an maqseti ha`m ıqtıyarına baylanıslı. Texnologiyalıq karta qanday du`zilgen bolmasın, onda sabaq protsesin,  anıq halda ko`rsetilgen bolıwı ha`mde anıqq belgilengen maqset ha`m wazıypalarg`a, na`tiyje sabaq protsesinin` sho`lkemlestiriw texnologiyası tolıq o`z ko`rinisin tapqan bolıw kerek.[1] Texnologiyalıq kartanın` du`ziliwi oqıtıwshını sabaqta ken`eytirilgen konspektini jazıwdan azat boladı, sebebi bunday kartada sabaq protsesinin` ha`mde ta`repleri o`z ko`rinisin ko`riwge boladı. Tariyx oqıtıwda

[1] Farberman B.L. «İlg`or pedagogik texnologiyalar». -T., «Fan» 2001. 73-b.

baslang`ısh kursı boyınsha to`mendegi texnologiyalıq kartasın du`zsek boladı.

**Texnologiyalıq karta**

| **Tema** | **Qaraqalpaqstanda paxtashılıqtı rawajlandırıw siyasatı hám onıń aqıbetlerin úyreniliwi máseleleri** |
|---|---|
| Maqset ha`m wazıypalar | Oqıwshılarg`a temanın` tariyxı áhmiyetin túsindiriw. Karta haqqında oqıwshılar ta`repinen jeke ha`m toparlar ta`rtibinde o`zlestirip alıw waqıya haqqında tu`siniklerdi payda ta`rtibinde etiw. Oqıwshılardıń karta haqqında bilimin bahalaw. |
| Oqıw protsessinin` mazmunı | Ha`zirgi zaman tariyxın kartasının` tu`rleri ha`m olardın` jaylasıw orınların anıqlaw kontr kartag`a tarixıy tarixıy esteliklerdin` uaqıyaların jaylasqanlıg`ın sızıp u`yreniw. |
| Oqıw protsesinin` a`melge asırıw texnalogiyası | Bunda metod: karta mashtabların, Kartanı karta tu`rlerin topar ha`m jeke jag`day da u`yreniw.<br>Forma: a`meliy mashg`ulat, kontr kartada islesiw kishi ha`m jeke, jamaat bolıp islesiw.<br>Kural: Kontr karta tarixiy ha`m siyasiy karta<br>Baqlaw: ahız- eki soraw-juwap, o`z-o`zin nazorat qilish<br>Baxalaw: xoshametlew 5 ball sistema. |
| Ku`tiletug`ın na`tiyje | Oqıtıwshı: Temanı qısqa waqıt ishinde barlıq oqıwshılar ta`minlewden o`zlestiriwge erisildi. Oqıwshılar iskerligin asıradı. Oqıwshılarg`a karta haqqında qızıg`ıwshılıg`ın arttıradı. O`z aldına qoyılg`an maqsetine erisedi.<br>Oqıwshı : Jan`a bilimlerdi u`yrenedi. Jeke ha`m topar halında islesiwdi u`yrenedi Eslep qalıw qa`bileti rawajlanadı. Qısqa waqıt ishinde tarixıy mag`lıwmatlar haqqında ko`p mag`lıwmatqa iye boladı. |
| Kelesi rejeler | Oqıtıwshı pedagogikalıq texnalogiyanı o`zlestiriw ha`m |

| | |
|---|---|
| | sabaqqa engiziw, quramalastırıw. O`z u`stinde islew, jan`a pedagogik texnalogiyanı ja`nede teren` u`yrenib temaların turmıs tarawlarına baylanıstırıw |

**Pedagogikalıq karta**

| **Tema** | **Qaraqalpaqstan sovet hákimiyatiniń ornatiliwi jillarda (1917-1920-jj.)** |
|---|---|
| Maqset ha`m wazıypalar | Oqıwshılarg`a tariyxıy waqıyanın`tariyxı, a`hmiyeti kelip shıg`ıwın tu`sindiredi. Temag`a baylanıslı tarqatpa materiallardı oqıwshılar ta`repinen jeke yamasa topar halatında o`zlestirip alıwı yaki jeke tu`sindiriwlerin bahlaw arqalı alg`an bilimin bahalaw. |
| Oqıw protsessinin` mazmunı | Texnikalıq qurallardan paydalanadı. Kartalardag`ı ma`mleketlerdin` jaylasıwın u`yretiw. Bunda metod: Awız-eki bayan etiw, sa`wbet qılıw. |
| Forma: Qural: | A`meliy shınıg`ıw: Oqıtıwshılarg`a tema haqqında u`yretip barıw ha`m olardan sabaqtı talap etiw. Basqada temadag`ı waqıyalardı u`yreniwdi talap qılıw. |
| Baqlaw: | Awız eki bahalaw olardın` bilimlerin bahalaw ha`m bilimlerin tekserip bal qoyıp barıw. |
| Oqıtıwshı: | Temanı sabaq dawamında barlıq oqıtıwshılar ta`repinen o`zlestiriw. Oqıwshılardın` sabaqqa bolg`an qızıg`ıwshılıg`ı bilimi artadı. |
| Oqıwshı: | Oqıwshının` jan`a bilimi rawajlanadı jeke halda ha`m topar bolıp islesiwdi u`yrenedi, Oqıwshı o`zinin` eslep qalıw qa`biletin rawajlandıradı ha`m ko`p mag`lıwmat toplaydı. |
| Oqıtıwshı | Jan`a ped texnologiyanı o`zlestiredi. Oqıtıwshı ja`ne de o`z u`stinde isleydi. Pedagogikalıq sheberligi asadı. |

Oqıtıwshı ta`repinen o`zi oqıtıp atırg`an pa`nnin` ha`r bir teması, ha`r bir sabaq waqtında du`zilgen joqarıdag`ı sıyaqlı texnalogiyalıq karta og`an pa`ni predmetlik jaqsı halda esletiw, tu`siniwge, oqıw protsessinin` baslanıwı, erisiletug`ın na`tiyjesine qarap alıwına ja`rdem beredi. A`sirese texnologik kartanın` oqıwshının` imkaniyatına, mu`ta`jligine kelip shıqqan halda du`ziliwi, onın` shaxs sıpatında ta`limnin` orayına alıp shıg`ıwına alıp keledi. Bul o`z gezeginde oqıtıwdın` na`tiyjeligin asırıwg`a imkaniyat jaratadı.[1]

### 2.3. Qaraqalpaqstan sovet hákimiyatinıń ornatılıwı jıllarda (1917-1920-jj.) temasın úyreniwde paydalanılatuǵıń metodlar

Oqıtıw protsesinde oqıtıwshılarg`a shaxs sıpatında qaralıwı, ha`r qıylı pedagogakalıq texnalogiyalar ha`m de zamanago`a` metodlardı qollanıw olardı mustaqil, erkin pikirlewge, izleniwge, ha`r bir ma`selege do`retiiwshilik pene qaraw, juwapkershilikti seziw, ilimiy izertlew jumısların alıp barıw, analiz qılıw, ilmiy a`debiyatlardan u`nemli paydalanıwg`a, en` tiykarg`ısı oqıwg`a, pa`nge, pedagogika ha`m o`zi tan`lag`an ka`sipke bolg`an qızıwg`ıwshılıg`ın ku`sheytedi.

Bunday na`tiyjege ersiw a`meliyatta oqıw prtsessinde innovatsion ha`m de axborot texnalogiyalardı qollaw maqsetke muwapıq ha`m de na`tiyje beredi. Oqıtıw protsesinde qollanıw mu`mkin bolg`an ayrım treninglerge xarakteristika beremiz.

«Tarmaqlar» metodı - oqıtıwshını logikalıq pikirlew, ulıwma pikirlew shen`berin ken`eytiriw, g`a`rezsiz ra`wishte a`debiyatlardı paydalanıwdı u`yretiwge qaratılg`an.[2]

«3x4» metodı - oqıtıwshılardı erkin pikirlewine ken` ko`lemde ha`r qıylı idealardı Bere biliwi, ta`lim protsesinde jeke, kishi topar xalında analiz etip, juwmaq shıg`ara alıwı, ta`riypley alıwına qaratılg`an.

---

[1] «Tarix fanini kasbiy sohalarga yo'naltirib o'qitish metodikasi». -T., TDPU. 2012. 79-b.
[2] T.Tashpulatov, Ya.Gafarov «Tarix o'qitish metodikasi» -T., «O'qituvchi» 2002. 49-b.

«Blits-oyın» metodı - ha`reketler izbe-izligin tuwrı sho`lkemlestiriwge, pieirlewge, u`yrenip atırg`an predmeti tiykarında ko`p, ha`r qıylı pikirlerden, mkqlıwmatlardan kerekligin tan`lap alıwın u`yretiwge qaratılg`an.

«İnterv`yu» texnikası - oqıwshı soraw beriw, esite alıw tuwrı juwap beriw, sorawdı tuwrı du`ziwge u`yretiwge qaratılg`an.

«Bumerang» texnikası - oqıwshılardı sabaq protsessinde, sabaqtı tıs a`debiyatlar, tekstler menen islew, u`yretilgen materialda yadında saqlap qalıw, so`ylep Bere alıw, pikirin erkin xalda bayan ete alıw ha`mde bir sabaq dawamında barlıq oqıwshılardı bahalaw alıwg`a qaratılg`an.

«Oqıwshı» trening - oqıwshılar menen individual jag`dayda jumıs islew oqıtıwshı ha`m oqıwshı arasındag`ı tosıqtı joq etiw, birlikte jumıs islew jolların u`retiwge qaratılg`an.

«Basqarıw» texnikası oqıtıwshılardı auditoriyanı basqarıwdag`ı usıllar ha`m de oqıwshılardı auditoriyanı basqarıwdag`ı usıllar ha`m de oqıwshılardı jumıs prtsessinde basqarıw usılları menen tanıstırıwshı ha`m son`g`ı u`yretiwge qaratılg`an.

Ulıwma ta`lim beretug`ın orta mekteplerde oqıwshılardın` bilimlerdi iyelewde, qızıg`ıwshılıg`ın, o`z wazıypasın biliwi, juwapkershilikti seziwi ta`lim na`tiyjeligi ta`miyinleytug`ın baslı faktorlar bolıp, bunnan tısqarı oqıwshılardın` qızıg`ıwshılıg`ın oyatıwshı oqıw jan`alıqları oqıw dereklerinin` qızıqlıg`ı ha`m ta`lim protsessinin` tıyimlılıg`ın asırıwg`a ja`rdem beredi. Pedagogika ha`m metodika tarawında izertlewlerge tiykarlanıp ta`lim na`tiyjeligin ta`miyinlew sha`rt sharayatları sıpatında jan`a pedagogikalıq texnologiyalardın` tu`rleri ha`m usılları to`mendegishe.[1]

Pikirlerdin` tarmaqlanıwı (Klaster) bolıp, bul pedagogikalıq strategiya esaplanıp bul metod oqıwshılarda qandayda bir temanı teren` u`yreniwlerge ja`rdem berip, oqıwshılardı temag`a baylanıslı tu`siniklerdi yamasa anıq

---

[1] Tolipov O., Usmonboeva M. «Pedagogik texnologiyalarning tarkibiy asoslari» -T., «Fan» 2006. 44-b.

pikirlerdi erkin ha`m ashıq ra`wishte izbe-izlik penen baylanıstırg`an jag`dayda tarmaqlastırıwg`a u`yretedi.

Klaster metodı bul temanı teren` u`yreniwden aldın oqıwshılardın` pikirlew iskerligin tezlestiriw ha`m ken`eyttiriw ushın qızmet qılıwı mu`mkin. Sonday-aq temanı bekkemlew, jaqsı o`zlestiriw, ulıwmalastırıw ha`m de oqıwshılardı usı tema boyınsha o`z aldına keltiriwlerin sızılma formasında sıpatlawg`a iytermeleydi.

## İnnovatsion texnologiya.

Bul texnologiyada innovatsion texnologiyalar qatarına kirip sabaq dawamında oqıw materialın teren` ha`m anıq jag`dayda u`yreniw, temanı tu`sinip alıwg`a, erkin iyelewge bag`darlang`an.

Bumerang ha`r qıylı mazmun ha`m xarakterge (mashqalalı, ha`r qıylı mazmunlı) iye bolg`an temalardı u`yrengende qollansaq ju`da` paydalı bolıp, o`z ishine awız-eki ha`m jazba jumıs formaların qamtıp aladı ha`m de ha`r bir sabaq waqtında ha`r bir qatnasıwshının` ha`r qıylı tapsırmalardı orınlawı, gezek penen oqıwshı ha`m oqıtıwshı rolinde bolıwı ja`ne de kerekli baldı toplawg`a imkaniyat tuwdıradı. Kritikalıq pikirlew, sananı qa`liplestiriwge imkaniyat jaratadı, esti, idealardı, pikirlerdi da`lillerdi jazba ha`m awız eki formalarda bayan etiw ko`nlikpelerin rawajlandıradı.

Bilimlendiriw menen bir qatarda usı metod ta`rbiyalıq xarakterdegi bir qansha wazıypalardı a`melge asırıw imkanın beredi.

## «Skarabey» texnologiyası

«Skarabey» interaktiv texnologiya bolıp, ol oqıwshılardın` pikirine baylanıslı, aqıl esinin` rawajlanıwına imkaniyat jaratadı. Qanday da bir mashqalanı sheshiwde o`z pikirin ashıq ha`m erkin su`wretlewdegi sheberligin qa`liplestiredi. Usı texnologiya oqıwshılarg`a g`a`rezsiz ra`wishte bilimnin` sıpatı ha`m sapasın a`dil bahalaw, u`yrenilip atırg`an tema haqqındag`ı tu`sinik

ha`m esletiwlerdi anıqlawg`a imkanın beredi. Ol ha`zirgi waqıtta ha`r qıylı idealardı su`wretlew ha`m de olar arasındag`ı baylanıslardı anıqlawg`a imkan payda etedi.

«Skarabey» texnologiyası ha`r ta`repleme bolıp, onnan oqıw materiallarının` tu`rli basqıshların u`yreniwde paydalanıladı.

- basında oqıw iskerligin marapatlaw sıpatında («Aqılıy hu`jim»).

- temanı u`yreniw protsessinde onın ma`nisi, du`zilisi ha`m mazmunın belgilew, olar arasındag`ı tiykarg`ı bilimler, tu`sinikler baylanıslar xarakterin anıqlaw, temanı ja`ne de terenirek u`yreniw, jan`a ta`replerin su`wretlep beriw.

- aqırında alıng`an bilimlerdi bekkemlew ha`m juwmaqlaw maqsetinde.

«Skarabey» texnologiyası oqıwshılar ta`repinen an`sat qabıl etiledi, sebebi biliw, pikirlew qa`siyetlerin inabatqa alıng`an halda islep shıg`ılg`an. Ol oqıwshılar ta`jiriybesinen paydalanıwdı ko`zde tutadı, pikirley alıw ta`jiriybesin o`tkiziw imkaniyatına iye. Usı texnologiyanın` ayrım abzallıqları sıpatında an`sat tu`sinip alıwdı jen`illestiriwshi sızılma formalardan paydalanıwdı ko`rsetiw mu`mkin. «Skarabey» o`z aldına, kishi gruppalarda ha`m oqıw protsessinde qollanıw mu`mkin.

**«Beep» texnologiyası**

Bul texnologiya quramalı, ilajı barınsha, mashqalalı xarakterdegi temalardı u`yreniwge qaratılg`an. Texnologiyanın` a`hmiyeti sonnan ibarat, bunda temanın` ha`r qıylı tarmaqları boyınsha bir mag`lıwmat beriledi. Ha`zirgi waqıtta olardın` ha`r biri o`z aldına tochkalardan talqı etilgedi. Mısalı, jaman ha`m jaqsı ta`repleri, abzallıg`ı, pa`ziylet ha`m kemshilikleri, payda ha`m ziyanları belgilenedi. «Beep» texnologiyası ulıwma temanın` ayırım tarmaqların talıqlawda kishi toparlardın` ha`r bir qatnasıwshının, topardın` aktiv islewine qaratılg`an.

Bul interaktiv texnologiya kritikalıq analizlew, anıq pikirlewde na`tiyjeli rawajlandırıwg`a ha`m o`z idealları, pikirlerin jazba yaki awız eki formada

ıqsham bayan etiwge mu`mkinshilik jaratadı. «Beep» texnologiyası temanı u`yreniwdin` ha`r qıylı basqıshlarında qollanılıwı mu`mkin.

Tiykarg`ı tu`sinikler to`mendegishe.

Aspekt penen predmet, ha`diyse, tu`sinik tekseriledi.

Abzallıq bir na`rseni salıstırg`andag`ı u`stinlik.

Pa`ziylet-jaqsı sıpat.

Nuqsan-qag`ıyda ha`m kreteriyag`a durıs qaramaw.

Juwmaq qandayda bir pikirge juwmaqlawshı na`tiyjege keliw.

## İlimiy, baylanıslıq, izshillik usıllar.

Pedagogikalıq izertlewlerden belgili qızıg`ıwshılıq ha`m ha`reketshin`ligi ta`limdi juwmaqlastırıw imkaniyatın beredi. Balalardı oqıw xızmetine qızıqtırıwdın` tiykarg`ı deregi en` a`wele onın` mazmunı metodisttin o`zi mazmunlıq xarakterdegi usıl wazıypasın atqaradı. Mazmun ku`shli marapatlawshı ta`sir ko`rsetiwi ushın oqıtıw printsiplerine qa`liplestirilgen bir qatar talabalar (ilimiylik turmıs penen baylanıslılıq izshillik ha`m basqalar) juwap beriwi kerek.[1]

Tariyx ta`liminde oyınlardan na`tiyjeli paydalanıw oqıtıwshı ha`m oqıwshılar qarım-qatnasın muwapıqlastırıwg`a ja`rdem beriw izertlewden belgili boldı. Oyın dawamında oqıwshı dosları menen oqıtıwshı menen baylanısta boladı. Bul baylanıs a`dettegi pikir alısıwdan parıqlı bolıp oyında bir wazıypanı orınlaw menen baylanıslı soraw pikir bildiriw ha`m basqalar pikirlerin qabıllaw yaki inkar etiwden ibarat. Bul bolsa na`wbetinde jaslardın` aqılıy jaqtan o`siwine ja`rdem beredi. Respublikamız ulıwma orta ta`lim mekteplerinin` tariyx boyınsha a`meldegi oqıw da`stu`rlerin talqılaw sonı ko`rsetedi, onda tariyx ta`lim boyınsha bilimler mazmunın belgilewshi to`mendegi altı bag`dar bar.

---

[1] Я.Гафаров, М.Гафарова «Методы преподования историй Узбекистана» -Т., «Шарқ» 1996. 24-b.

1. Tariyxtın` teoriyalıq tiykarları.

2. Tariyxıy izertlew metodları.

3. Tariyxıy sotsiallıq-ekonomikalıq ob`ektler.

4. Ha`diyseler ha`m protsessler.

5. Barlıqtı qabıllawdın` materiallıq ha`m ruwxıy ma`deniyatta du`ziliwi.

6. Territoriyalıq topografiyalıq du`zilisi, oqıtıwshılar iyelewi kerek bolg`an tariyxıy ko`nlikpeler bolsa to`mendegi ko`rsetkishler ja`rdeminde tekserilgen.

1. Ayta (ko`rsete) alıw

2. Waqıyanı anıqlay alıw

3. Su`wretley biliw

4. tu`sindire biliw

5. prognoz qıla biliw.

Demek, oqıwshıdan ken` qamırawlı tariyxıy bilim ko`nlikpelerdi iyelew talap etilgen. Bunda didaktik oyınlardan paydalanıw kerek ha`m u`lken na`tiyje beredi. Tariyxtan ha`r bir sabaqta bilim ko`nlikpelerdi qa`liplestiriwge imkan beriwshi didaktik oyınlardı sho`lkemlestiriw mu`mkin.

## Aqılıy hu`jim.

Aqılıy hu`jim gruppalar aralıq jumıslarda qollanılatug`ın, ko`plegen ideyalardı islep shıg`ıw mu`mkin bolg`an metod. Bul haqıyqatında da talabalardın` oqıw protsessinde aktiv qatnasıwları, ha`r qıylı ideyalardı bayan etiw waqtında basqalardı da qızg`ın jumısqa tartıwı, ilham menen islewlerine imkaniyat beriwi ha`m og`an xoshametlew metodı. Aqılıy hu`jim sonın` ushın da aktivlestiriwdin ha`r qıylı usılı, onda jalg`ız islew mu`mkin emes, bir g`ana ideya gruppanın` ha`mme qatnasıwshıların bir qıylı da tartıp aladı. Oqıtıwshı tema yaki sorawdı ajıratıp alıwı za`ru`r, keyin bolsa oqıw aktivligi 5-10 minut aralıg`ındag`ı waqıt shegarasında jen`illestiredi.

Aqılıy hu`jim tu`rli ta`rizde qollanılıwı mu`mkin, ma`selen, qanday da bir temanı dodalaw ushın, jan`a soraw qoyıw yaki qa`legen qanday da bir mashqalanı sheshiw ushın.

Tiykarg`ı qag`ıydalar to`mendegiler:

1. Aytılıp atırg`an ba`rshe ideyalar bir-birine qarag`anda a`hmiyetliliginde ten.

2. Kiritilip atırg`an idealarg`a qarag`anda kritika joq.

3. İdeyanı berip atırg`an waqıtta so`ylewshinin pikirin bo`lmeslik.

4. So`ylewshige qarag`anda bahalawshı komponent joq.[1]

Metodtı isletiwge kirisiw:

1-metod. Gruppanın` ba`rshe qatnasıwshılarına bir tema ha`m bir soraw qoyıladı.

1. Oqıtıwshı oqıw protsessinde alg`a ilgerlewine o`z qolına sonday ta`rizde aladı. Ol auditoriyadan ba`rshe talabalarg`a soraw beredi ha`m qandayda bir arnawlı temag`a baylanıslı ba`rshe mu`mkin bolg`an pikirlerdi aytıwdı soraydı.

2. Ba`rshe, ha`tte, al paydasız ideyalardı da aytıwg`a ruxsat beriledi. Aytılıp atırg`an pikirler ishinde bir g`ana tiykarg`ı tema saqlanıp qalıwı sha`rt.

3. Birewinin` de pikiri dodalanbaydı, kritika qılınbaydı, bahalanbaydı.

4. Tiykarg`ı pikirlerdi oqıtıwshı flip-karta, doskag`a jazıp aladı yaki ekranda ko`rsetiledi.

2-metod. Ba`rshe tema ha`m sorawlar ulıwma jo`nelisi saqlang`an halda u`lken gruppa quramındag`ı kishi gruppalarg`a bo`linedi.

1. Oqıtıwshı ulıwma tema boyınsha bir neshe, 4-6 soraw tayarlawı mu`mkin.

2. U`lken gruppa kishi gruppalarg`a ajıratıladı ha`m ha`r bir gruppag`a aqılıy hu`jim o`tkeriw ushın o`z aldına soraw beriledi.

---

[1] Yo’ldoshev J.G`., Usmonova S.A. «Pedagogik texnologiyalar asoslari» -T., «Fan», 2004. 128-b.

3. Ha`r bir gruppa aqılıy hu`jim na`tiyjesin jazıp alıw ushın bir g`ana kishi gruppa ajıratıladı, keyin ala protsess tamam bolıwı menen onı gruppanın` ba`rshe ag`zalarına beriledi.

4. İdeyalar ha`r bir gruppa ta`repinen u`lken (ko`riniske yamasa) qag`azg`a markerden paydalanıp jazıp alınıwı mu`mkin. Usınday ko`rinis plakattın` joqarısına tayarlang`an sorawlar jazıp qoyıladı. Ko`rinis plakat protsessinin` aqırında ha`r bir qa`lewshi ne jazılg`an ha`m ja`mlengenligin ko`riwi ushın asıp qoyıladı.

5. Aqılıy hu`jimnin` bul metodı waqıttın` qısqasha da`wirinde bir sorawdın` bir neshe ta`repi islep shıg`ılıwı za`ru`r bolg`an jayda a`sirese paydalı.

6. Oqıtıwshı basshı ja`rdemshi sıpatında ha`reket qıladı ha`m bir gruppadan ekinshi gruppag`a aqılıy hu`jim a`melge asırılıp atırg`an waqıtta o`tip turadı.

**Pikirler hu`jimi.**

Bul metodtan maqset mu`mkin bolg`anınsha u`lken mug`dardag`ı ideyalardı jıynaw, talabalardı bir qıylı pikirlew inertsiyasınan awlaq qılıw, do`retiwshilik wazıypaların sheshiw protsessinde da`slep payda bolg`an pikirlerdi jen`iw. Bul metod A.F.Osborn ta`repinen usınılg`an. Bul metodtın` tiykarg`ı wazıypası ha`m qag`ıydası bahs qatnasıwshıları islep shıqqan. İdeyalar kretiriyasın ulıwma qadag`alaw, ha`r qıylı ha`zillerdi xoshametlew. Bul metodtan paydalanıwdın` jetiskenligi ko`p ta`repten oqıtıwshı shınıg`ıw basshısına baylanıslı. «Pikirler hu`jimi» qatnasıwshıları mug`darı 15 adamnan aspawı kerek. Shınıg`ıwlardın` dawamlılıg`ı bir saatqa shekem.

Jalpı «Pikirler hu`jimi». Bul metod J.Donal`d Filips islep shıg`ılg`an. Ol u`lken gruppalarda jan`a ideyalar islep shıg`ıw na`tiyjeligin sezilerli da`rejede asırıwdı ta`miyinleydi. Ba`rshe qatnasıwshılar kishi-kishi 5-6 adamnan ibarat gruppalarg`a bo`linedi ha`m ha`r bir kishi gruppa sheshiletug`ın do`retiwshilik

wazıypa ha`m mashqala boyınsha 15 minut dawamında g`a`rezsiz ra`wishte o`z-ara «Pikirler hu`jimi» o`tkiziledi. Usınnan son` ha`r bir kishi gruppa wakili o`z gruppalarında islep shıg`ılg`an ideya haqqında xabar beredi ha`m oqıtıwshı basshılıg`ında ja`ma`a`t bolıp og`an baha beredi ha`m olardan en` jaqsıları, ta`kirarlanbasları tan`lap alınadı.

Joqarıdag`ı pedagogikalıq texnologiyalardan paydalang`an halda sabaq protsessinde tu`rli mashqalalardı sheshiwge, olardın` kelip shıg`ıw sebepleri, du`zetiw jolların tabıwg`a oqıwshılardı bolsa g`a`rezsiz izleniwge, pikirlewge, o`z pikirlerin sıpatlaw ha`m tu`rli sharayatlardan shıg`ıwqa u`yretiwge «mashqalalı sharayat» formasın qollaw mu`mkin.

## Trening imkaniyatın jaratıw.

Usı texnologiya oqıtıwshı talabalardı sabaq protsessinde, sabaqtan tısqarı tu`rli a`debiyatlar u`yrenilgen materiallardı yadında saqlap qalıw, so`ylep Bere alıw ha`m de bir sabaq dawamında ha`mme oqıwshı talabalardı bahalay alıwg`a qaratılg`an. Maqset trening dawamında tın`lawshılarg`a tarqatılqan materiallardı olar ta`repinen jeke ha`m gruppa halatında o`zlestirip alıwları ha`m de o`z-ara sa`wbet, qarım-qatnas arqalı, tu`rli sorawlar arqalı, tarqatpa materiallar, ondag`ı temalar qay da`rejede o`zlestirilgenin baqlaw. Trening dawamında oqıwshı talabalar ta`repinen baha, balların iyelewge imkaniyat jaratıw.[1] Trening texnologiyası. Usı texnologiya bir neshe basqıshta o`tkiziledi.

1-basqısh. Trening tuwrıdan-tuwrı tın`lawshılardı 4-5 adamnan ibarat kishi gruppalarg`a bo`liwden baslanadı; trener ha`r bir gruppa ha`m onın` ha`r bir ag`zasına g`a`rezsiz u`yreniw, pikirlew ha`m yadta saqlap qalıw ushın jeke-jeke anıq jazıw tarqatpa material beredi. Trener ta`repinen tan`lang`an tema boyınsha ulıwma birden-bir ko`lemdegi tekst beriledi. Olardın` sanı gruppalar ha`m tın`lawshılar sanına baylanıslı. Eger to`rt kishi gruppa bolsa ol jag`dayda

---

[1] С.Зиямухаммедова, Б.Зиямухаммедов «Новая педагогическая технология» -Т., «Фан» 2002. – С.143

ulıwma tema 4 tekstlerge bo`linip ha`r bir gruppag`a bo`linedi. İskerli na`tiyjeli bolıwı ushın ha`r bir gruppag`a tekstlerden ha`r bir tın`lawshılarg`a beriledi. Solay etip, 4 gruppag`a ulıwma tema tiykarında 4 tu`rli tekstke iye, ha`r bir tın`lawshı bolsa o`z gruppasına tu`sken tekstine iye boladı.

2-basqısh. Gruppalarg`a berilgen tekstti gruppa ag`zalarına jeke ta`rtipte o`z aldına u`yreniwleri tekstti yadlap alıwları keyin ala kerek bolas basqalarg`a yaki trenerge aytıp beriwleri, ilajı bolsa tekstti o`zlestirip alıwları kerekligin trener u`yretedi ha`m tayarlıq ushın tekstti u`lken-kishiligine qarap 10-15 minut waqıt beredi. Ol bolsa gruppa ha`m tın`lawshılardı iskerligin baqlaydı.

3-basqısh. Trener aldınan tayarlap qoyılg`an sanlar jazılg`an kishi qag`az benen ha`r bir gruppa qasına kelip gruppa ag`zalarınan usı qag`azlardı birewden san tartıp alıwların soraydı. Gruppalardag`ı ha`mme tın`lawshılar sanlar jazılg`an qag`azdan alıwı kerek. Qansha gruppa bolsa sonsha gruppaları ag`zaları sanına qarap sanlar jazılg`an qag`azlar tayarlanadı. Trener sanlar boyınsha tın`lawshılardan jan`a gruppalar du`ziwin soraydı. Mısalı, ha`mme bir sandı alg`anlar bir g`ana jan`a gruppa, 2 sanlılar ekinshi gruppa, 3 sanlılar u`shinshi gruppanı, 4 sanlılar to`rtinshi gruppanı, 5 sanlılar besinshi gruppanı sho`lkemlestiriwlerin soraydı. Gruppa ag`zaları jan`a gruppag`a o`tiwlerinde o`zleri menen u`yrengen tekstlerdi aladı.

4-basqısh. Sanlar boyınsha jan`a gruppalar du`zilgende ha`r bir jan`a gruppada aldın`g`ı gruppalardan birwden wa`killer o`z-o`zinen toplanıp qaladı, yag`nıy 4 gruppada 4 qıylı tekst u`yrenilgen bolsa, bir jan`a gruppada ha`r birewinen birewden wa`kil toplanadı, ulıwma tema boyınsha 4 tın`lawshı ha`m 4 qıylı tekst tolanadı.

5-basqısh. Jan`a du`zilgen gruppanın` ha`r bir ag`zası endi o`zine 2 wazıypa yag`nıy oqıtıwshı menen oqıwshı wazıypasın aladı ha`m to`mendegishe iskerlik ko`rsetedi.

1. Oqıtıwshı sıpatında o`zi aldıng`ı u`yrengen materialdı aytıp beredi, tu`sindiredi, o`zi erkin u`yrengen materialdın` tiykarg`ı orınlarına dıqqatın

awdaradı, basqa gruppa ag`zalarının` tu`siniwi ha`m o`zlestiriw qa`biletlerin tekseredi.

2. Oqıwshı sıpatında gruppa ag`zaların na`wbetpe-na`wbet aytıp tu`sindirip atırg`an tekstlerin esitedi, analizleydi, pikirleydi ha`m yadta saqlawg`a ha`reket qıladı. Trener bolsa olarg`a o`z pikirlerin olarg`a aytıp birewi kerek ekenligin u`yretedi ha`m og`an 20 minut waqıt beredi. Bul basqıshta trener baslanıwında tarqatılg`an barlıq material tın`lawshılar ta`repinen o`zlestirilgen esaplanadı.[1]

## İnteraktiv usıllar.

Mekteplerde tariyx sabag`qları oqıwshılarda so`ylew ma`deniyatının` en` baslı belgisi esaplanıp, balalardın` so`z baylıg`ın rawajlandırıp barıwına, durıs so`ylewin qa`liplestiriw menen birge olarda aqılıy ha`m estitikalıq go`zzallıqtı tanıw sezimlerin qa`liplestirip, ta`rbiyalap baradı, bilim ka`ni bolg`ankitaptı su`yip oqıwg`a da a`meliy ko`nlipe sıpatında xızmet etedi. Baslang`ısh klasslardan baslap ana tili sabag`ın interaktiv usıllardan paydalanıp o`tiw jaqsı na`tiyje bermekte.

Oqıtıwshı bir saatlıq sabaq dawamında balalardın` jasına, bilimine say usıllardan paydalanadı. Ma`selen, baslang`ısh klass oqıwshıları menen toparlarda islew, sa`wbetlesiw, test, o`z betinshe a`meliy jumıs, oyın, jarıs, sayaxat, krossvord du`ziw ha`m sheshiw usılınan paydalanıp sabaq o`tiw, oqıwshılardın` o`z betinshe izleniwshilik qa`biletinin` rawajlanıwına, qızıg`ıwshılıq sezimlerinin` ku`sheyip barıwına ja`rdemi u`lken boladı. Mısalı, u`lgi retinde baslang`ısh klasstın` «Oqıw kitabı» sabag`ın interaktiv usıllardan paydalanıp, da`stu`riy emes usılda ko`rsetip beremiz.

Klass oqıwshıların sorawg`a juwap jazbası arqalı toparlarg`a bo`lemiz. Bul qag`azlarda qosıq, ertek naqıl, jumbaq, janıltpash degen so`zler jazılg`an

---

[1] Tolipov O'., Usmonboeva M. «Pedagogik texnologiyalarning tarkibiy asoslari» -T., «Fan» 2006. 47-b.

oqıwshılardın` ha`r qaysısı birewden aladı. Keyin sol alg`an jazba tu`rlerine qarap toparlarg`a bo`linedi. Endi bul toparlarg`a tapsırmalar beriliw ushın jasırılg`an kartoshalar beriledi. Bunda, minutqa oqıw, soraw-juwap, test sorawı, su`wret salıw.

Rol`di oynaw boyınsha o`zlerine tapsırma aladı. Oqıwshılarg`a ja`ne tapsırmalar berilip, olardın` arasınan ayrıqsha juwap Bergen oqıwshılardan ja`ne bir topar du`ziledi. Bul topar do`retiwshilik jumısın yag`nıy sol o`tilip atırg`an temanın` dawamın jazadı.

Taza tema tu`sindirip qısqasha mazmunı oqıp beriledi. Oqıwshılardın` erkin, o`z betinshe tayarlanıwı ushın 8-10 minut waqıt beriledi ha`r bir topar o`zlerine berilgen tapsırmalardı orınlawg`a kirisedi.

Birinshi topar, temanın` tiykarg`ı mazmunın 1 minuta qansha so`z arqalı tu`sindirgeni bahalanadı.

Ekinshi topar oqıwshıları tekst ishinen sol berilgen 10 minut ishinde sorawlar du`zedi. Oqıwshılardın` du`zgen sorawlarının` mazmun ma`nisine ha`m sanına qarap bahalanadı.

U`shinshi topar oqıwshıları test sorawların du`zedi.

To`rtinshi topar oqıwshıları tekstke baylanıslı su`wret saladı.

Besinshi topar oqıwshıları tekst mazmunı boyınsha rolge oynaydı.

Altınshı topar oqıwshıları taza materialdın` dawamın jazadı ha`m o`zlerinin` do`retiwshilik pikirlerin bildiredi.

Belgilengen 8-10 minut waqıttan keyin oqıtıwshının` bergen komandası menen oqıwshılar o`z jumısların toqtatıp, ha`r bir topar 2-3 minuttan o`z islegen jumısların basqalarg`a ko`rsetedi. Basqa oqıwshılar olardın` jumıslarına baha berip baradı, al mug`allim olardı xoshametlew sawg`ası menen sıylıqlaydı. O`tilgen tema oqıwshılarg`a ju`da` teren`nen tu`sinikli boladı.

Juwmaqlap aytqanda, innovatsion usıllardan paydalanıp o`tilgen sabaqlar oqıwshının` sabaqqa belsene qatnasıwına, onın` jazba ha`m awız eki so`ylew tilinin` rawajlanıwına, oylawına ha`m salıstırıwg`a, bolıp atırg`an waqıyag`a o`z

pikirlerin bildire alıwg`a ta`rbiyalap baradı. Bunday sabaqlarda oqıwshı zerikpeydi, qaytama belsene qatnasadı, sabaq qızıg`arlı bolg`anlıg`ı ushın o`tilgen tema ha`m sol sabaq olardın` yadında uzaq waqıt saqlanıp qaladı.

Qaraqalpaqstan tariyxı pa`nin boyınsha «Qaraqalpaqstan sovet hákimiyatiniń ornatiliwi jillarda (1917-1920-jj.)» teması boyınsha Bumerang texnologiyasınan paydalanıw usılları.

Bul usılda oqıwshılardın` kritikalıq pikirlew, estitw ideyalardı, da`lillerdi, jazba ha`m awız eki formalardı bayan etiw konplekslerin rawajlandıradı. Sabaq waqtında ko`rgizbeli qurallardan Orta Aziya kartası, Atlas karta, videofilmlerinen paydalansa boladı. Sabaqta oqıwshılardı 3 toparg`a bo`lip u`yretken maqul sebebi  sabaq waqtında soraw-juwap ba`sekilesiw ideyalardı salıstırıwg`a qolaylı keledi.[1]

Bul sabaqta oqıtıwshıg`a qoyılatug`ın talaplar:

1. Temag`a za`ru`r bilimlerdi beriwi,

2. Ko`nlikpelerdi repraduktiv da`rejede ta`miyinlew,

3. Tapsırmalardı an`sat bo`leklerge bo`liw ha`m olardı qayta islew,

4. Tekstler baylanıstı orınlawg`a baylanıslı o`z betinshe jumıslardı sho`lkemlestiriw.

5. Sabaq barısında a`ste izleniwshilik ha`m qabıl etiwge bag`darlaw.

6. Ha`r qıylı problemalı ma`selelerdi payda etiw ha`m onın` kemshiliklerin tabıwg`a bag`darlaw.

7. Oqıwshılarıdın` o`z iskerligin analiz qılıwg`a eristiriw ha`m onı oqıtıwshı yaki klass penen dodalawg`a u`yretiw.

Bul sabaqtın` baslı wazıypası ko`nlikpelerin qa`liplestiriw basqıshları to`mendegishe boladı:

A) Oqıtıwshı ne u`stinde islew kerekligin u`yretedi.

B) Bir neshe mısallar ja`rdeminde waqıyalardı oqıwshılarg`a u`yretedi.

---

[1] «Tarix fanini kasbiy sohalarga yo’naltirib o’qitish metodikasi». -T., TDPU. 2012. 81-b.

V) Tariyxıy waqıyalardı sabaq barısında quramalastıradı.

G) Oqıwshılardı da`lil talap etiwshi tapsırmalardı aladı.

D) Oqıwshı sorawdı sheshiwde o`z jumısın sıpatlaydı.

Qaraqalpaqstan 1917-1920 jılları sovet hákimiyatiniń ornatiliwi da`wirinde xalıqtın` sotsial-ekonomikalıq jag`dayı.

1. Oqıtıwshı Qaraqalpaqstanda sovet hákimiyatı ornatılıwı siyasatının` mazmunı haqqında mag`lıwmatlardı beredi ha`m kartadan ko`rsetedi.

2. Oqıwshılar qalalardı kartadan o`zleri izlep tabadı.

3. Oqıwshılar qalalarg`a tiyisli quramalı tapsırmalardı aladı.

4. Bul tapsırmalar boyınsha mag`lıwmatlar jıynaydı.

5. Oqıwshılar o`z betinshe Qaraqalpaqstan 1917-1920 jıllarda xalıqtın` sotsial-ekonomikalıq jag`dayı tariyxına sıpatlama jazadı. Eger oqıwshılar tema boyınsha o`z betinshe jazba tu`rinde temag`a baylanıslı ko`nlikpelerdin qa`lipleskenligin da`lilleydi. Klassta bo`lingen u`sh topar oqıwshıları o`zi iyelegen bilimlerin jazba tu`rinde toltırıwda sınawı kerek.

Qaraqalpaqstan sovet hákimiyatiniń ornatiliwi jillarda (1917-1920-jj.) sabag`ın o`tiw barısında bilimlendiriw menen bir qatarda xarakterdegi bir qansha to`mendegi wazıypalardı qa`liplestirgen bolamız.

- Ja`ma`a`t penen islesiw.
- Bir-birewge mu`na`sebet ta`rtibi,
- Ko`nligiwshilik (jen`ilgende),
- Basqalardın` pikirin hu`rmetlew,
- Aktivlik
- O`z jumısının` na`tiyjeli bolıwına umtılıw
- O`zinin` jumısına baha beriw

**Bumerang texnologiyası.**

| **Tema** | **Qaraqalpaqstan sovet hákimiyatiniń ornatiliwi jillarda (1917-1920-jj.) temasin úyreniw metodlari** |
|---|---|
| Maqset wazıypalar | Oqıwshılarda Qaraqalpaqstanda sovet hákimiyatınıń ornatılıwı, siyasatı hám onıń aqıbetleri haqqında sa`wbetlesiw tu`sindiriw ha`m sho`lkemlestiriw arqalı bilimler beriw, da`wirlerge bo`liw. |
| Oqıw protsessinin mazmunı | Qaraqalpaqstanda sovet hákimiyatınıń ornatılıwı, siyasatı hám onıń aqıbetleri, mazmunı ha`m onın` na`tiyjelerin izertlegen ilimpazlardın` miynetleri, derekler menen tanısıw |
| Sabaq waqtında a`melge asırıw texnologiyası | Metodlar: Soraw-juwap, sa`wbetlesiw. Bumerang texnologiyası.<br>Forma: Jazba tu`rinde mag`lıwmatlar alıw,<br>Qural: Temag`a baylanıslı kontur kartalar islew<br>Bahalaw: Test, awız-eki soraw juwap,<br>Bahalaw: Xoshametlew usılı 5 ball sisteması. |
| Ku`tilgen na`tiyje | Oqıtıwshı: Tema mazmunı qısqa waqıt ishinde o`zlestirildi. Oqıwshılardın` iskerligi astı, sabaqqa qızıg`ıwshılıg`ı arttı. O`z aldına qoyg`an maqsetine jetti. Tema boyınsha bir qansha mag`lıwmat aldı, erkin pikir aytıwg`a eristi, Qısqa waqıt ishinde bir qansha mag`lıwmatlar topladı. |
| Kelesi reje | Oqıtıwshı: Jan`a ped texnologiyalardı o`zlestiriw ha`m sabaqqa analiz jasaw, o`z u`stinde isley biliw ha`m so`ylew da`rejesi astı.<br>Oqıwshı: O`z betinshe islew, o`z pikirin ayta biliw, qosımsha materiallardı izlew, klass oqıwshılrının` bir sheshimge keliwikeliwi arttı. |

Qaraqalpaqstan sovet hákimiyatiniń ornatiliwi jillarda (1917-1924 jj.) «Beep» texnologiyasınan paydalanıw usılları.

Bul texnologiya quramalı, mashqalalı xarakterdegi temalardı u`yreniwge qaratılg`an bolıp temanın` yamasa ayırım tarmaqların tolıqlawda kishi

toparlardın` ha`r bir qatnasıwshılardın` aktiv islesiwine qaratılg`an sabaqtı erkinlestiriw.

- temanı u`yreniwde tiykarların an`lap jetiw,

- tema boyınsha oqıwshılardın` aldıng`ı bilimlerinin` jeterli bolıwı

- juwmaqlaw basqıshında barlıq alıng`an bilimlerdi sistemalastırıp qayta bekkemlew,

- tu`siniklerdi ideyalardı a`dil bahalaw

- abzallıq bir na`rseni salıstırg`andag`ı u`stinlik

- juwmaq qanday da bir pikirge juwmaqlawshı na`tiyjege a`yyemgi qalalardın` jaylasıwı tariyxın u`yreniw sabag`ında oqıwshılardı eki toparg`a bo`lip bir-birin kritikalıq pikirlew, pikirlerdi na`tiyjeli rawajlandırıw ha`r bir topar o`z ideyaların qorg`aw awız-eki bayan etiwge mu`mkinshilik jaratadı.

Bunda oqıwshı eki toparlardın` basqarıwshısı ha`m de ideyalardı, pikirlerdi bahalap barıwshı xızmetin atqaradı.

Qaraqalpaqstan sovet hákimiyatiniń ornatiliwi jillarda (1917-1924 jj.) haqqında oqıtıwshı to`mendegi temalar boyınsha tu`sindirip talıqlawg`a ortag`a taslaydı.

1. Xalqı ha`m sotsial-ekonomikalıq jag`dayı.

2. Patshashılıqtın` qulawı ha`m u`lkede ja`miyetlik-siyasiy ha`reketlerdin` jetilisiwi.

3. Ja`miyetlik qa`wipsizlik komiteti.

4. Musılmanlar awqamı.

5. U`lkede qarama-qarsılıqtın` keskinlesiwi.

6. Rossiyadag`ı 1917-jılı oktyabr` awdarıspag`ının` A`miwdar`ya bo`limine ta`siri.

7. Bol`shevikler u`stemliginin` ornatılıwı.

8. «A`skeriy kommunizm» siyasatı ha`m onın` aqıbetleri.

9. Bol`shevikler ha`kimiyatına qarsı gu`res.

Qaraqalpaqstan sovet hákimiyatiniń ornatiliwi jillarda (1917-1924 jj.) u`yreniwde to`mendegi ma`selelerge itibar qaratıwdı talap etedi.

1. Qaraqalpaqstan haqqındag`ı tu`sinikler oqıtıwshının` bayanatı, gu`rrin`i oqıw fil`mleri, slayd, kartina, karta qurallar ja`rdeminde iske asırıladı.

2. U`yrenilip atırg`an temanın` a`hmiyeti oqıtıwshının` janlı so`zi, sanlarg`a, faktlarge su`yengen mag`lıwmatları ha`m ko`rgizbeli qurallar ja`rdeminde iske asadı.

3. Qaraqalpaq xalqının` geografiyalıq jaylasıwı, sotsial-ekonomikalıq awhalı, ma`deniyatı, u`rp-a`detleri oqıwshılardın` o`z betinshe to`mendegi tablitsanı toltıra biliwi, a`hmiyetli mag`lıwmatlardı u`yrenedi.

4. Burınǵı sovetler imperiyasınıń Aral regionı xalıqlarına miyrası Aral mashqalası dúnya júzlik mashqalaǵa aylanıwı.

# JUWMAQLAW

Házirgi waqitta bilimlendiriw tarawında metodikaliq innovatsiyalar oqitiwdiń interaktivlik usillarin qollaniwǵa baǵdarlanǵan. Tariyx pánin oqitiwda interaktiv metodlar kóp waqitlardan beri qollanilip kelmekte hám soniń menen birge házirgi waqitta da birden-bir zamanagóy natiyjeli usillardan sanaladi.

Innovacion usillardiń anaǵurlim kóp tarqalǵan hám jaqsi natiyjeler beretuǵinlardiń ishinde – «aqilǵa hújim», baqs (munazara), organayzerler toltiriw, klaster, aniqlawshi sorawlar, debatlar, diskussiya, sahnaliq oyin, rol` oynaw, sinkveyn, oyinlar, insert hám taǵi basqalar.

Respublikamiz bilimlendiriw diziminde házirgi kúnde reformalardiń ámelge asiriliwi menen muǵallim, oqiwshi, tárbiyashiniń waziypalari jáne de artip barmaqta. Ásirese oqiw diziminde, mekteplerde balalar qaysi klasstan baslap erkin pikirlewge úyreniwi kerek - degen soraw hár bir pedagogti tinishsizlandiradi. Sebebi, buringi dástúriy, oqitiwda kóbirek oqitiwshilardiń abiroyi, oniń pikirleri hám kóz-qarasi birinshi dárejege qoyilip kelingen bolsa, endilikte hár bir oqiwshiniń jeke pikiri, belsendiligi, jeke kóz qarasi, bilimliligi, individualliǵi, erkin pikir aytiwi ushin sharayat jaratip beriliwi tiyis.

Jetik insandi tárbiyalawda oqiw orinlarinda «Jáhán tariyxi», «O`zbekstan tariyxi», «Qaraqalpaqstan tariyxi», «Watan tuyǵisi» hám basqa da tariyxiy pánler oqitilip kelinbekte hám oniń áhmiyeti artip barmaqta. Hár bir pánniń ózine tán bolǵan sabaq oqitiw hám úyreniw metodlari hám oqitiw texnologiyalari islep shıǵılmaqta. Tariyx páninde kóbinese úyreniwdiń tariyxiyliq, ilimiylik, ob`ektivlik, analiz, xronologiyaliq, salistirmali, dáwirlestiriw siyaqli ilimiy-metodologiyaliq tiykarlari qollaniladi. Tariyxiy izertlew hám oqitiw usillarin duris tańlap biliw hám olardan nátiyjeli paydalanip biliw, ob`ektiv hám ilimiy tiykarlanǵan tariyxti dóretiwge xizmet etedi.

Tariyx pánlerin úyreniw ob`ektleri hám sub`ektleri, sabaq ótiw hám oqitiwdiń metodikasi hám texnologiyasi da kóp jillar dawaminda qáliplesip, óziniń predmetine iye boldi hám házirgi waqitta da rawajlanip barmaqta.

Tariyx sabaqlariniń sapasin jaqsilaw hám oniń nátiyjeligine erisiwde pedagogikaliq texnologiyani keń túrde qollaniw ha’m olardi proektlestiriwdiń ózine tán bolǵan tájiriybesi, metodlari hám texnologiyasi islep shiǵilmaqta, tálim-tárbiya jumislarinda nátiyjesin bermekte. Jańa pedtexnologiyalardi oqiw protsessine engiziwdiń teoriyaliq hám ámeliy máselelerin islep shiǵiwda ilimpazlardan B.P.Bespal`ko, M.Klarin, V.Slastenin, M.O.Ochilov, N.Saydaxmedov, K.Zaripovlar ózleriniń ilimiy miynetlerinde bayanlap bergen edi.

Pitkeriw qánigelik jumısında «Qaraqalpaqstan sovet hákimiyatiniń ornatiliwi jillarda (1917-1920-jj.)» teması boyınsha alıp barılǵan izleniwler nátiyjesinde tariyx sabaqlarında usı temanı oqıtıwda pedagogikalıq metodlardı qollanıw boyınsha tómendegi juwmaqlarǵa iye boldıq:

- innovaciyalıq metodikalıq jandasıw tiykarinda oqıtıw oqıwshınıń biliw imkaniyatların asıradı, dóretiwshilik qabiletin rawajlandiradi;

- talabalardı kásipke qızıqtırıw tiykarında oqıw iskerligin jedellestiredi, óz betinshe oqıwǵa imkaniyat jaratıladı;

- pedagogikalıq metodlar járdeminde jandasıwdıń maqseti hám mazmunı tarmaq tálim standartınıń hár bir qánigeligi boyınsha baǵdarlanǵan qánigelik iskerligi túrleri, arnawlı talaplar, kónlikpe hám bilimler tiykarında islep shıǵıladı;

- metodikalıq jandasıw boyınsha oqıtıwda didaktik materiallardı tayarlaw oqıtıwǵa unamlı tásir kórsetedi;

- metodikalıq oqıtıwda tálim beriwshiniń turli usıl hám metodlardan, máselen, mashqalalı oqıtıw, dóretiwshilik baylanıslar, oqıw oyınları, proektletiriw texnologiyası, baǵdarlanǵan tekstlı hám evristik sáwbetlerden unamlı paydalanıwdıń maqsetke muwapıqlıǵı.

Solay etip oqitiwdiń pedagogikaliq texnologiya metodlari tariyx sabaqlarin oqitiwda hár bir talabaniń, oqiwshiniń bilim aliwǵa qushtarliǵin, tapsirmalardi orinlawda juwapkershiligin joqarilatadi. Talabalardiń jup-juptan,

toparlarǵa bólinip birge shuǵillaniwi, oqitiwshi – talaba óz-ara birge islesiwinde, olarda unamli sezimler oyatadi hám oqiwshilardiń aqil-oyi menen ózinshe túsiniwi arqali taza temani sanali túrde ózlestiriw kónlikpelerin qáliplestiredi.

Joqarida kórsetilgen hár bir oqitiw metodi hám usillarin paydalaniwdiń waziypalari óz-ara baylanista ámelge asiriladi hám oniń nátiyjeliligine erisiw, birinshiden oqitiwshiǵa, ekinshiden oqiwshilarǵa hám úshinshiden oqiw-metodikaliq islerin oqiw orinlarinda kewildegidey shólkemlestiriwge baylanisli boladi.

## PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR


1. 2017-2021 yillarda Ózbekiston Respublıkasini rivojlantirishning beshta ustuvor yónalıshi bóyicha Harakatlar strategiyasi. Ózbekiston Respublıkasi Prezidentining 2017 yil 7 fevraldagi PF-4947 sonlı Farmoni.

2. Ш.М.Мирзиёев. «Танқидий таҳлил, қатьий тартиб-интизом ва шахсий жавобгарлик ҳар бир раҳбар фаолиятининг кундалик қоидаси бўлиши керак». -Т.: Ўзбекистон, 2017.

3. «Ўзбекистоннинг янги тарихи» I-жилд, «Шарқ» -Т., 2000.

4. «Қарақалпақстан жаңа тарийхы» -Н., «Қарақалпақстан» 2003.

5. Сарыбаев К.С. «История орошения Каракалпакстана» -Н., «Қарақалпақстан» 1995.

6. Ш.Бабашев. Қарақалпақстан Республикасы тарийхындағы сиясий қурбанлар. -Н. «Қарақалпақстан»., 2003.

7. Б.Шамамбетов «Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халықлары тарийхы бойынша дереклер» -Н., «Билим», 1995.

8. Я.Абдуллаева «Женский вопрос В Каракалпакстане в конце XIX-XX вв.» Автореф. дисс. на соис. уч. ст. д.и.н. -Т., 2005.

9. Қ.Мәмбетов «Қарақалпақлар тарийхы» -Н., «Билим», 1993.

10. Сарыбаев К.С., Алп Тореев «К истории движения Баба-Гоклена» Вестник №3. 1970.

11. Есбергенов.Х. «Еще раз о восстании 1916-года в Каракалпаки» Вестник №1, 2007.

12. Б.А.Қощанов. Қарақалпақстан тарийхнамасы (Ең жаңа дәўир) –Н., “Билим” 2016.

13. К.Умарова. «Политическая культура народов Узбекистана и Каракалпакстана: исторический опыт формирования» -Н., «Каракалпакстан» 1995.

14. Ozbekiston tarixni o’qitish va o’rganishning yagona kontseptsiyasi. -T., «Sharq» 1996.

15. Tarix fanini kasbiy sohalarga yo’naltirib o’qitish metodikasi. -T., TDPU. 2012.
16. T.Tashpulatov, Ya.Gafarov «Tarix o’qitish metodikasi» -T., «Úqituvchi» 2002.
17. Я.Гафаров, М.Гафарова «Методы преподования историй Узбекистана» -Т., «Шарқ» 1996.
18. Sádiev A., Toshpulatov T., Gaffarov Ya.. “Tarix o’qitish metodikasi” –T., 1993.
19. A.İkromov, A.Abdullaev, M.Lafasov «Úrta maxsus ta`lim tizimi uchun davlat standarti. İjtimoiy-gumanitar fanlar ywnalishi bwyicha tarmoq ta`lim standarti» -T., «Sharq» 2005.
20. Tolipov. Ó, Usmonboeva M «Pedagogik texnologiya: nazariya va amaliyot» -T.: «Fan» 2005.
21. Tolipov Y., Usmonboeva M. «Pedagogik texnologiyalarning tarkibiy asoslari» -T., «Fan» 2006.
22. Yóldoshev J.G. «Yangi pedagogik texnologiyalar» (yónalishlari, muam - molari, echimlari). T.: «Boshl. tálim», 1999.
23. Yo’ldoshev J.F., Usmonova S.A. «Pedagogik texnologiyalar asoslari» -T., «Fan», 2004.
24. Azizxojaeva N. «Pedagogik texnologiya va pedagogik mohorat» -T., TDPU. 2003.
25. Farberman B.L. «İlǵor pedagogik texnologiyalar». -T., «Fan» 2001.
26. С.Зиямухаммедова, Б.Зиямухаммедов «Новая педагогическая технология» -Т., «Фан» 2002.
27. Беспалько В.П. “Педагогика и прогрессивные технологии обучения” - М.: 1995.
28. Sultanov B., Tilegenov A., Boynazarov F. “Yangi pedagogik texnologiyalar asoslari. (Interfaol darslar). Innovatsion jarayon” –T.: 2007.

29. Golish L.V. «Zamonaviy tálim texnologiyalari: mazmun, loyihalashtirish va amalga oshirish» Ekspress qóllanma. -T.: TASIS. 2001.
30. Golish L.V. «Faol óqitish usullari: mazmun, tanlash va amalga oshirish» Ekspress qóllanma -T.: TASIS. 2001.